

Pamekar Diajar

BASA SUNDA

KIKD Kurikulum 2013

Buku Tuturus Guru SMP/MTs

Kelas IX



DINAS PENDIDIKAN PROVINSI JAWA BARAT
2013

Pamekar Diajar
BASA SUNDA
KIKD Kurikulum 2013
Buku Tuturus Guru SMP/MTs Kelas IX

Hak cipta © kagungan Dinas Pendidikan Provinsi Jawa Barat
Ditangtayungan ku Undang-undang

Disklaimer: Ieu buku téh diajangkeun pikeun guru basa Sunda dina raraga larapna Kurikulum 2013. Ieu buku disusun tur ditalaah ku hiji tim kalawan dikoordinasi ku Balai Pengembangan Bahasa Daerah dan Kesenian (BPBDK) Dinas Pendidikan Provinsi Jawa Barat minangka buku kurikulum daerah. Mimitina dipakéna buku taun 2014. Ieu buku téh sipatna “dokumén hirup”. Hartina bakal tuluy disarungsum luyu jeung kabutuh katut panéka jaman. Pangdeudeul ti rupining pihak dipiharep bisa ngundakkeun ajén ieu buku.

PANYUSUN:

Tatang Sumarsono

Ahmad Hadi

Ano Karsana

Asep Ruhimat

Darpan

Dede Kosasih

H. Dingding Haerudin

H. Yayat Sudaryat

Risnawati

PENELAAH:

Prof. Dr. H. Iskandarwassid, M.Pd.

Dr. Hj. Ai Sofianti, M.Pd.

Drs. H. Elin Syamsuri

Drs. Apip Ruhamdani, M.Pd.

Budi Riyanto

Rarancang Eusi: Yoshi Sukadar

Rarancang Jilid: Yoshi Sukadar

Eusi ngagunakeun Adobe InDesign CS3 jeung Adobe Photoshop CS3

Aksara ngagunakeun Bembo Std 12 pt - 24 pt.

Dipedalkeun ku:

DINAS PENDIDIKAN PROVINSI JAWA BARAT

ISBN: 978-602-1300-22-0 (Jilid Lengkap)

978-602-1300-25-1 (Jilid 3)

Perpustakaan Nasional : Katalog Dalam Terbitan (KDT)

PANGBAGÉA

KEPALA DINAS PENDIDIKAN PROVINSI JAWA BARAT

Alhamdulillah, ieu buku pangajaran basa Sunda tiasa ngawujud, enggongin nyaosan implemèntasi Kurikulum 2013, pikeun ngeusian lolongkrang Muatan Lokal Mata Pelajaran Bahasa dan Sastra Daerah di Jawa Barat.

Hasil garapan tim panyusun tèh aya dua rupi buku nyaèta buku murid sareng buku guru. Èta tèh mangrupa bagian tina pakèt Kurikulum Daerah, hususna ngeunaan pangajaran basa jeung sastra daerah, dumasar kana Permendikbud No. 81A/2013, ngeunaan implementasi kurikulum. Pami diwincik deui, sanès mung buku wungkul bagian èta Permendikbud tèh, tapi deuih ngawengku Kompetensi Inti jeung Kompetensi Dasar (KI-KD), silabus, sareng Rencana Pelaksanaan Pembelajaran (RPP).

Ku medalna ieu buku, dipiharep implementasi kurikulum 2013, hususna ngeunaan pangajaran muatan lokal basa jeung sastra daerah di Jawa Barat tiasa dilaksanakeun kalawan merenah, luyu sareng udaganana. Saparantosna dialajar ngeunaan basa jeung sastra daerah, dipiharep dina diri murid aya parobihan anu tètèla, boh unsur sikepna (*attitude*), boh pangaweruhna (*knowledge*), boh kamampuh ngagunakeun katut karancagèan (*performance; behavior*). Singgetna mah èta unsur anu tilu tèh bisa disebut kompetènsi.

Kalungguhan guru dina posisi agèn parobahan utama enggongin ngaimplemèntasikeun kurikulum 2013 teu kinten pentingna. Aya hiji hipotèsis basajan, saupami guru kagungan kompetènsi anu nohonan pasaranan Kurikulum 2013, tangtosna gè kalebet guru basa daerah deuih, tinangtos èta kurikulum bakal tiasa diimplemèntasikeun kalawan merenah. Ku margi kitu, dina nataharkeun sareng ngaronjatkeun kompetènsi guru tèh, di antawisna ku cara nysusun buku padoman guru, kalebet tarèkah anu kedah kènging pangajèn.

Muga-muga waè harepan urang sadaya ngeunaan ayana parobihan anu tétéla dina dunya atikan ku diimplementasikeunana Kurikulum 2013 téh tiasa ngawujud, enggonging lahirna *Generasi Emas Indonesia* dina taun 2045 nu badé dongkap.



Bandung, Desember 2013

Kepala Dinas Pendidikan Provinsi Jawa Barat,

Prof. Dr. H. Moh. Wahyudin Zarkasyi, CPA

Pembina Utama Madya

NIP. 19570807 198601 1 001

PANGBAGÉA

KEPALA BALAI PENGEMBANGAN BAHASA DAERAH DAN KESENIAN DINAS PENDIDIKAN PROVINSI JAWA BARAT

Kurikulum 2013 ti wangkid ayeuna parantos ngawitan dianggo sacara nasional. Jalaran kitu, pangajaran basa jeung sastra daerah nu diperenahkeun janten muatan lokal di Jawa Barat kedah luyu sareng Kurikulum 2013 hususna patali luyuna sareng elemén-elemén parobihan anu janten karakteristik Kurikulum 2013 anu ngawengku: *Standar Kompetensi Lulusan, Standar Isi, Standar Prosés, sareng Standar Penilaian.* Éta katangtosan kedah kacangkem sareng kalaksanakeun ku sakumna guru-guru basa jeung sastra daerah anu mancén tugas di SD/MI, SMP/MTs, SMA/MA, sareng SMK/MAK.

Ieu buku bahan ajar teh dijudulun *Pamekar Diajar Basa Sunda*, sadayana aya 24 jilid, ngurung buku siswa 12 jilid sareng buku guru 12 jilid. Kalungguhanana janten buku babon anggoeun di sakola nu aya di Jawa Barat. Buku murid diajangkeun pikeun sakumna murid dumasar kana tingkatan kelas. Buku Murid eusina medar materi ajar sareng pertanyaan-pertanyaan, latihan, tugas/pancen anu raket patalina sareng kompetensi dasar (KD). Buku Guru eusina medar silabus, métodologi pangajaran, sareng évaluasi, ogé mangrupi pangjembar buku murid.

Komponén-komponén anu dimekarkeun boh dina buku murid atanapi buku guru dumasar kana opat kaparigelan basa anu ngawengku ngaregepkeun, nyarita, maca, sareng nulis anu diajarkeun maké pamarekan saintifik sareng penilaian auténtik. Hal ieu dumasar kana karakteristik Kurikulum 2013 nu ngalarapkeun pamerakan saintifik sareng penilaian auténtik dina prosés pangajaran.


Disusuna ieu buku téh mangrupa lajuning laku tina Surat Edaran Kepala Dinas Pendidikan Provinsi Jawa Barat, Nomor 423/2372/Setdisdik, 26 Maret 2013, negunaan Pembelajaran Muatan Lokal Bahasa dan Sastra Daerah pada jenjang SD/MI, SMP/MTs, SMA/MA, SMK/MAK. Sajabi ti eta, ogé

dumasar kana Peraturan Gubernur Jawa Barat Nomor 69 Tahun 2013, ngeunaan Pembelajaran Muatan Lokal Bahasa dan Sastra Daerah pada Jenjang Pendidikan Dasar dan Menengah.

Muga-muga waé ieu buku téh aya manpaatna ka urang sadaya, tur janten cukanglantaran dina merenahkeun sareng memeres basa jeung sastra daerah, anu udagan langkung tebihna pikeun ngamumulé sareng mekarkeun basa jeung sastra daerah, ngalangkungan jalur atikan di Jawa Barat.

Tangtosna ogé ieu buku téh teu acan tiasa disebat sampurna. Ku margi kitu, teu kinten diantos-antosna kamadang ti sadayana. Saukur kakirangan anu nyampak dina ieu buku bakal teras didangdosan, supados tiasa nyumponan pameredih sareng kaayaan pajaman.

Bandung, Desember 2013
Kepala Balai Pengembangan
Bahasa Daerah dan Kesenian,



Drs. H. Husen R. Hasan, M.Pd.
Pembina Tk. I
NIP. 196110051986031014

PANGAJAP

Kurikulum 2013 saenyana mangrupa Kurikulum Berbasis Kompetensi (KBK) pikeun nyanghareupan panéka jaman, utamana mah kompetensi atawa kamampuh abad ka-21. Dina ieu abad, daék teu daék butuh karancagéan dina rupining widang, kaasup kamekaran téhnologi, informasi, jeung komunikasi (TIK) milu nangtukeun warna pangajaran basa Sunda.

Luyu jeung éta hal, rumusan kompetensi sikep (agama jeung sosial), kaweruh, jeung kaparigelan nu dipaké dadasar dina Kurikulum 2013 kudu ngaheulakeun pentingna karancagéan jeung komunikasi. Najan kitu, dina pangajaran basa Sunda mah dititénan ogé kahasan basa jeung budaya Sunda minangka média jeung wahana pangajaran basa Sunda.

Téma-téma dina buku pangajaran basa Sunda diluyukeun kana téma-téma dina pangajaran tématis SMP/MTs nu sipatna nasional. Kompetensi nu dipiharep ku barudak SMP/MTs dirumuskeun minangka kamampuh mikir jeung paripolah nu rancagé dina ranah nyamuni (abstrak) jeung nembrak (konkrit). Eta kamampuh téh diécéskeun dina kompetensi inti (KI) anu dipidangkeun ku kaweruh dina basa Sunda anu bener tur merenah, ngéntép seureuh, sarta luyu jeung kontéks situasi. Eta kamampuh téh dirarancang dina prosés pangajaran winangun papancén (*project based learning*) jeung ngoréhan (*discovery learning*) anu nyoko kana léngkah-léngkah ngilmiah (*saintifik*) kayaning niténan, nanya, nyoba (nyungsi), nalar, jeung kedaling (ngomunikasikeun).

Ieu buku ngawincik tarékah minimal nu kudu dipilampah ku murid dina ngahontal kompetensi nu dipiharep. Luyu jeung pamarekan dina Kurikulum 2013, murid diperedih gedé kawanina tur kadaék dina ngoréhan kaweruh perkara basa jeung sastra Sunda, anu engkéna parigel maké basa Sunda. Dampakna murid boga sikep anu hadé kana basa jeung sastra Sunda katut hirup kumbuhna, bari teu mopohokeun sikep agama.

Tangtu waé réa kénéh kahéngkéran ieu buku téh. Panyawad katut pangdeudeul pikeun nyampurnakeun ieu buku pohara dianti-atina.

Bandung, Oktober 2013

DAPTAR EUSI

PANGBAGEA:

1. Kepala Dinas Pendidikan Provinsi Jawa Barat	iii
2. Kepala Balai Pengembangan Bahasa Daerah dan Kesenian Dinas Pendidikan Provinsi Jawa Barat	v

PANGJAJAP	vii
------------------------	-----

BAB I: PITUDUH UMUM

A. Ngeunaan Buku Tuturus Guru	2
B. Padika Make Buku Tuturus Guru	2
C. Tatapakan Formal	4
D. Sistim, Prinsip, jeung Pamarekan Pangajaran	4
E. Standar Kompetensi Lulusan (SKL)	5
F. Proses Pangajaran	5
G. Kompetensi Inti (KI) jeung Kompetensi Dasar (KD) Kelas IX SMP/MTs	5
H. Péta Konsép	8

BAB II: PITUDUH HUSUS

Pangajaran 1: Panata Acara

A. Maca Wacana.....	10
B. Niténan Téks.....	13
C. Metakeun	13
D. Pancén	14

Pangajaran 2: Adat di Pilemburan

A. Maca Wacana.....	15
B. Ngaguar Eusi Wacana.....	16
C. Ningkes Wacana	17
D. Pancén	18

Pangajaran 3: Pakeman Basa

A. Maca Wacana.....	19
B. Niténan Pakeman Basa	20
C. Nyangkem Babasan jeung Paribasa	21
D. Ngalarapkeun Babasan jeung Paribasa	22
E. Niténan Babasan jeung Paribasa dina Wacana.....	25

Pangajaran 4: Nulis Laporan Kagiatan

A. Maca Laporan kagiatan	26
B. Niténan Laporan Kagiatan	27
C. Nulis Laporan Kagiatan	28
D. Pancén.....	28

Pangajaran 5: Maca Novel

A. Maca Sempalan Novel	30
B. Maham Eusi Sempalan Novel.....	31
C. Niténan Unsur Novel.....	31
E. Nganalisis Tingkesan Novel	32
F. Nulis Sempalan jeung Tingkesan Novel	33
G. Pancén.....	33

Pangajaran 6: Drama

A. Maca Naskah Drama	35
B. Niténan Naskah Drama	36
C. Metakeun Drama	37
D. Pancén.....	37

BAB III: BAHAN PANGJEMBAR

A. Wangun Karya Sastra	40
B. Basa	40
Pangajaran 1: Girang Acara.....	42
Pangajaran 2: Bahasan	44
Pangajaran 3: Pakeman Basa	45
Pangajaran 4: Laporan Kagiatan.....	48
Pangajaran 5: Novel	50
Pangajaran 6: Drama	52

BAB IV: PITUDUH MEUNTEUN

Model Penilaian Autentik Dina Proses Jeung Hasil Diajar Dumasar Kana Kurikulum 2013.....	56
A. Wangenan Asesmen Autentik	56
B. Rupa-rupa Asesmen Autentik	56
C. Conto Pormat Meunteun	59
Pabukon.....	72

Bab I

Pituduh Umum

A. Ngeunaan Buku Tuturus Guru

Ieu buku disusun sangkan guru meunang gambaran anu écés dina ngalaksanakeun kagiatan pangajaran basa Sunda. Eusina ngawengku sawatara hal.

1. Wincikan léngkah-léngkah pangajaran dina raraga méré gambaran ka guru pikeun ngahontal kompeténsi dasar (KD) jeung indikator.
2. Susunan léngkah-léngkah kagiatan anu ngagambankeun pangajaran nu gumulung tur ngamalir.
3. Léngkah pangajaran nu disusun dipiharep bisa ngahontal pangalaman diajar nu miharti (*meaningfullness*) pikeun ngawangun sikep jeung paripolah hadé, ngawasa konsép, kaparigelan mikir nu ilmiah (saintifik), kamampuh ngaréngsékeun masalah, karancagéan, pribadi nu sonagar (répléktif), tur numuwuhkeun rasa basa Sunda.
4. Dadaran rupining téhnik pikeun meunteun kamampuh murid.
5. Wawaran pikeun calecer (acuan) kagiatan rémédial jeung ngajembaran pangaweruh murid.
6. Pidangan kagiatan diajar nu silih simbeuh tur silih élédan (*sharing*).
7. Pituduh ngeunaan cara maké buku babon murid.

Kagiatan dina ieu buku dirarancang pikeun mekarkeun kamampuh (sikep, kaweruh, jeung kaparigelan) murid kalawan gumulung tur rinéka. Ari paripolahna ngawengku:

1. Muka pangajaran ku karep murid saperti maca atawa ngaregepkeun téks, tumanya, ngawih, kaulinan, démonstrasi, pidangan masalah, jsté.
2. Nepikeun tujuan pangajaran nepi ka murid bisa nyangreb wawaran nu ditepikeun.
3. Ngali kaweruh murid samémehna sangkan bisa ngait jeung kaweruh nu bakal diulik.
4. Papancén nu malapah gedang sangkan murid kabantu dina nyangkem konsép.
5. Méré lolongkrang pikeun ngalati kaparigelan murid.
6. Méré unduring laku (umpan balik) pikeun ngukuhan pamahaman murid.

B. Padika Make Buku Tuturus Guru

Ieu buku Tuturus Guru téh mibanda kagunaan ganda, jaba ti pituduh maké buku babon murid ogé jadi calecer (acuan) keur kagiatan pangajaran di kelas. Guru dipiharep niténan heula sawatara hal nu dipidangkeun dina ieu buku.

1. Baca heula ieu buku kalawan telik tur imeut unggal kacana.
2. Cangkem heula tiap-tiap KD jeung indikator pangajaran.
3. Tarékahana pikeun ngasupkeun KI-1 jeung KI-2 dina sakumna kagiatan pangajaran. Guru kudu nguatan jeung ngukuhan tarékah pikeun ngawangun sikep, kaweruh, katutg paripolah murid anu hadé.
4. Deudeul kahontalna KI-1 jeung KI-2 ku kagiatan “pembiasaan”, pieunteungeun, pituladeun, jeung kultur di sakola anu hadé.
5. Luyukeun tiap-tiap léngkah kagiatan dina buku tuturus guru jeung buku babon murid.
6. Mekarkeun gagasan rancagé dina milih padika pangajaran. Sungsi ogé kagiatan séjén lamun kaayaan teu luyu jeung naon-naon nu geus dirarancang.
7. Rupining stratégi pangajaran nu rék dimekarkeun (kayaning murid niténan, nanya, nyaritakeun, metakeun, ngawih, jsté.) kudu ngalibetkeun muridna sorangan jeung ngalibetkeun warga atawa lingkungan sakola.
8. Guru dipiharep mekarkeun:
 - a. Méthode “pengajaran aktif, inovatif, kréatif, éfektif, dan menyenangkan (PAIKEM)”;
 - b. Timbang-timbang ogé maké pamarekan komunikatif jeung kontéktual;
 - c. Kaparigelan nanya atawa tumanya;
 - d. Kaparigelan muka jeung mungkas pangajaran;
 - e. Kaparigelan ngolah kelas jeung pidangan kelas.
9. Gunakeun media jeung sumber diajar nu aya di sabudeureun sakola atawa patali jeung sosial budaya Sunda.
10. Alokasi waktu nyoko kana struktur kurikulum. Guru bisa nangtukeun sorangan alokasi waktu luyu jeung minggu éfektif, situasi katut kaayaan di sakola.
11. Dina sataun ajaran kelas IX aya genep materi anu kudu dibagi ku guru kalawan proporsional keur dua seméstereun. Kudu ditimbang-timbang ogé alokasi waktu antara seméster I jeung seméster II sangkan pangajaran bisa ditepikeun luyu jeung alokasi waktu anu nyampak.
12. Unggal matéri galeuh rata-rata dirarancang keur sabulaneun ($4 \times$ lawungan).
13. Kagiatan dina minggu kahiji dimimitian ku niténan bahan, karep réséptif (ngaregepkeun jeung maca), minggu kadua mangrupa kagiatan nyoba jeung ngulik, ari minggu katilu jeung kaopat ngalarapkeun atawa midangkeun (kagiatan kréatif nulis jeung nyarita) hasil tina minggu kahiji jeung kadua. Murid digiring sangkan kaasah daya nalar jeung mikirna kalawan ngaleunjeur. Kagiatan dirarancang pikeun méré lolongkrang tumanya jeung ngali wawaran nu deukeut jeung murid.

14. Hasil pagawéan murid jeung bukti peunteun bisa dikumpulkeun dina portofolio murid.
15. Pikeun tarékah ngoméan diri jeung minggu éfektif, jieun catetan réfleksi sanggeus hiji téma atawa bahan réngsé katepikeun.
16. Deudeul murid sina resepeun kana basa Sunda sarta yakinkeun yén manéhna téh cerdas tur bisa.
17. Sangkan tujuan pangajaran kahontal, guru ogé perlu saregep, enya-enya, tur sabar dina nyanghareupan murid. Ari sababna, kamampuh murid téh béda-béda. Katambah-tambah teu sakumna padika pangajaran loyog pikeun sakumna guru, murid, tempat, waktu, jeung bahan ajar.

C. Tatapan Formal

Bahan ajar basa Sunda anu dipidangkeun dina ieu buku dumasarkana Kurikulum 2013, ngawengku kasang tukang, karakteristik, jeung tujuanan. Kurikulum basa Sunda atawa Kompetensi Inti jeung Kompetensi Dasar (KIKD) Mata Pelajaran Basa jeung Sastra Sunda disusun jeung dikaluarkeun ku Balai Pengembangan Bahasa Daerah dan Kesenian (BPBDK), Dinas Pendidikan Provinsi Jawa Barat. Lamun disusud ka luhurna, ngindungna mah tangtu waé kana Kurikulum Tingkat Nasional, da nu ieu mah kaasup kana Kurikulum Daerah (Kurda).

Kurikulum Basa Sunda anu disusun ku BPBDK téh diwincik jadi KIKD, luyu jeung pola struktur Kurikulum Nasional. KIKD disusun mangrupa struktur anu maneuh, tur salawasna kudu jadi padoman dina kagiatan diajar-ngajar. Cindekna, sajeroning guru ngajarkeun basa Sunda, dipahing méngpar tina katangtuan KIKD, téma, jeung alokasi waktu. Ari dina lebah milih bahan katut ngajarkeunana mah guru dibéré lolongkrang keur ngembangkeun karancagéanana.

Ieu buku poma ulah dianggap hiji-hijina sumber keur tuturus guru. Ari sababna, naon-naon nu diperedih ku KIKD téh moal sageblengna kacumponan mun ukur ngandelkeun tina hiji sumber. Kudu aya sumber-sumber lianna pikeun pangrojong kagiatan diajar-ngajar, di antarana média massa, bagbagan paélmuan lianna, jeung kondisi sosial budaya masarakat Sunda. Nya ka lebah dinya pisan guru kudu rancingeus pikeun néngan jeung ngungkab bahan pangrojong sangkan KIKD bisa kahontal jeung kacumponan.

D. Sistim, Prinsip, jeung Pamarekan Pangajaran

Sakabéh matéri dina ieu buku diluyukeun jeung sistem pidangan buku babon murid, nu dipidangkeun maké sistem spiral; dimitian ti nu babari heula, terus ningkat ka nu hésé. Heula pandeurina nyusun bahan anu dumasar kana

babari héséna téh tumerap kana saban pangajaran.

Sistem spiral anu dignakeun dina ieu buku dumasar kana prinsip proporsional, tur tahapan (gradasina) henteu patarenggang. Hal ieu bisa tumerap dina wangun lahiriahna (panjang-pondokna, basajan-kompleksna) kecap, kalimah, atawa wacana, bisa deuih dina eusi atawa substansina (gampang-henteuna).

E. Standar Kompetensi Lulusan (SKL)

Ranah	SD/MI	SMP/MTs	SMA/SMK/MA/MAK
Sikep	Nampa, ngajalankeun, ngajénan, jeung ngamalkeun		
	Pribadi nu iman, ahlak mulya, percaya diri jeung tanggung jawab dina patali marga kalawan merenah jeung lingkungan masarakat, alam sabudeureun, sarta dunya katut adabna.		
Kaparigelan	Nampa, nanya, nyoba, ngolah, midangkeun, nalar, jeung ngalarapkeun		
	Pribadi nu mampuh mikir jeung lumampah kalawan merenah tur rancagé dina ranah nyamuni (abstrak) jeung nembrak (konkrit).		
Kaweruh	Mikanyaho, nyangkem, nerangkeun, ngolah, jeung meunteun.		
	Pribadi nu ngawasa élmu kaweruh, téhnologi, seni budaya, sarta wawasan kamunasaan, kabangsaan, kanagaraan, jeung paradaban.		

F. Proses Pangajaran

Prosés pangajaran lumangsung maké pamarekan saintifik, anu léngkah-léngkahna:

1. Niténan (*mengamati*), ku cara maca, ngaregepkeun, atawa nongton;
2. Nanya (*menanya*), ku cara ngayakeun tanya jawab atawa sawala;
3. Nalar (*menalar/mengasosiasi*), ku cara nambahán kaweruh anu leuwih jembar;
4. Nyungsi atawa nyoba (*eksplorasi/eksperimen*);
5. Midangkeun, ngedalkeun, atawa nepikeun (*mengkomunikasikan*)
6. Ngawangun ramatloka (*networking*) ku cara néangan bahan tina sumber anu lian.

G. Kompetensi Inti (KI) jeung Kompetensi Dasar (KD) Kelas

IX SMP/MTs

KOMPETENSI INTI (KI)	KOMPETENSI DASAR (KD)
9.1 Menghargai dan menghayati ajaran agama yang dianutnya	<p>9.1.1 Menghargai dan mensyukuri keberadaan bahasa Sunda sebagai anugrah Tuhan Yang Maha Esa sebagai sarana komunikasi melalui MEMANDU ACARA, BAHASAN, DESKRIPSI, LAPORAN KEGIATAN, NOVEL, dan DRAMA.</p>
9.2 Menghargai dan menghayati perilaku jujur, disiplin, tanggung jawab, peduli (toleransi, gotong royong), santun, percaya diri, dalam berinteraksi secara efektif dengan lingkungan sosial dan alam dalam jangkauan pergaulan dan keberadaannya	<p>9.2.1 Menunjukkan perilaku jujur, tanggung jawab, percaya diri, peduli, proaktif dan santun dalam menggunakan bahasa Sunda untuk memahami TEKS MEMANDU ACARA, DESKRIPSI, BAHASAN, dan LAPORAN KEGIATAN.</p> <p>9.2.2 Menunjukkan perilaku jujur, percaya diri, peduli, proaktif dan santun dalam berbahasa Sunda untuk memahami NOVEL.</p> <p>9.2.3 Menunjukkan perilaku jujur, tanggung jawab, percaya diri, peduli, proaktif dan santun dalam berbahasa Sunda untuk memahami teks DRAMA.</p>
9.3 Memahami dan menerapkan pengetahuan (faktual, konseptual, dan prosedural) berdasarkan rasa ingin tahu nya tentang ilmu pengetahuan, teknologi, seni, budaya terkait fenomena dan kejadian tampak mata	<p>9.3.1 Mengidentifikasi dan menganalisis TEKS MEMANDU ACARA sesuai dengan kaidah-kaidahnya.</p> <p>9.3.2 Mengidentifikasi dan menganalisis DESKRIPSIBUDAYA SUNDAsesuai dengan kaidah-kaidahnya.</p> <p>9.3.3 Mengidentifikasi dan menganalisis BAHASAN YANG MENGANDUNG IDIOMsesuai dengan kaidah-kaidahnya.</p> <p>9.3.4 Mengidentifikasi dan menganalisis NOVEL sesuai dengan kaidah-kaidahnya.</p>


	<p>9.3.5 Mengidentifikasi dan menganalisis teks DRAMAsesuai dengan kaidah-kaidahnya.</p> <p>9.3.6 Mengidentifikasi dan menganalisis teks LAPORAN KEGIATAN sesuai dengan kaidah-kaidahnya.</p>
9.4 Mengolah, menyajikan, dan menalar dalam ranah konkret (menggunakan, mengurai, merangkai, memodifikasi, dan membuat) dan ranah abstrak (menulis, membaca, menghitung, menggambar, dan mengarang) sesuai dengan yang dipelajari di sekolah dan sumber lain yang sama dalam sudut pandang/teor	<p>9.4.1 Menyusun, menyajikan, dan menanggapi MEMANDU ACARA sesuai dengan kaidah-kaidahnya secara lisan dan tulisan.</p> <p>9.4.2 Menanggapi dan meringkas teks DESKRIPSI BUDAYA SUNDAsesuai dengan kaidah-kaidahnya.</p> <p>9.4.3 Menanggapi, meringkas, dan menyajikan teks BAHASAN YANG MENGANDUNG IDIOMsesuai dengan kaidah-kaidahnya.</p> <p>9.4.4 Menanggapi dan meringkas NOVELsesuai dengan kaidah-kaidahnya secara lisan dan tulisan.</p> <p>9.4.5 Menanggapi dan memperagakan teks DRAMAsesuai dengan kaidah-kaidahnya.</p> <p>9.4.6 Menyusun dan menyunting LAPORAN KEGIATAN sesuai dengan kaidah-kaidahnya.</p>

H. Péta Konsép

88

Pamekar Diajar **BASA SUNDA**
Buku Tuturus Guru SMP/MTs Kelas IX

Pangajaran Kelas IX



Bab II

Pituduh Husus

PANGAJARAN 1

PANATA ACARA

PANGANTEUR

Tangtu geus apal naon anu disebut panata acara atawa panumbu catur. Enya, panata acara mah MC (Master of Ceremony) téa anu sok ngatur lumangsungna hiji acara, sedeng panumbu catur mah moderator téa anu sok ngatur lumangsungna hiji sawala (diskusi), seminar, lokakarya, jsb. Tah dina pangajaran ieu, murid bakal diajarkeun sagala rupa hal anu atali jeung kagiatan panata acara jeung panumbu catur.

Sabada réngsé pangajaran, dipiharep siswa mahamkeun , nyusun, sarta ngedalkeun (molahkeun) téks panata acara kalawan omongan anu lancar, sora anu ngoncrang, lentong anu merenah, sarta basa anu genah éntép seureuhna.

KAGIATAN DIAJAR

A. Maca Wacana

1. Panata Acara

NO	KAGIATAN
1.	Saméméh prung diajar, hadéna guru mintonkeun video atawa gambar-gambar anu matak ngirut panitén murid anu aya patalina jeung kagiatan panata acara, boh jadi MC (master of ceremony) boh jadi panumbu catur dina sawala (diskusi). Dina TV loba pidangan-pidangan diskusi atawa debat, bisa dicutat sempalan pidanganana.
2.	Murid dibéré téks panata acara, sarta dibéré waktu pikeun niténan éta téks.
3.	Murid nyieun catetan-catetan naon baé hal-hal penting anu kapanggih dina éta téks.
4.	Murid nanyakeun hal-hal anu teu dipikaharti anu aya dina téks. Guru bisa langsung ngajéntrékeun, atawa ngoper éta pananya ka murid anu séjenna sangkan lumangsung kagiatan sawala kelas.

5.	Sabada murid paham kana eusi téks, murid dijejeran sina nyieun kelompok anu jumlah anggota kelompokna luyu jeung peran anu aya dina téks téa. Aya nu pancénna jadi panata acara, aya nu pancénna maca ayat Al-Qur'an, aya anu méré pamapag, jsb.
6.	Murid dibéré waktu pikeun latihan molahkeun téks panata acara tadi, nepi ka sakabéh anggota kelompok lancar.
7.	Sabada réngsé ngabagi pancén jeung latihan, unggal kelompok dipentés molahkeun téks panata acara hareupeun kelas sacara bagilir.
8.	Réngsé sakelompok midang, diselang heula ku unggal kelompok ngajén kana pidangan kelompok nu keur midang téa. Kitu jeung kitu nepi ka unggal kelompok réngsé midang sarta murid bener-bener paham kana pancén panata acara.

2. Panumbu Catur (Moderator)

NO	KAGIATAN
9.	Murid dibéré téks panumbu catur dina kagiatan sawala.
10.	Unggal murid niténan téks panumbu catur kalawan gemet bari diarahkeun sina nyieun catetan-catetan penting anu kapanggih dina éta téks.
11.	Murid dibéré kasemptan nanyakeun hal-hal anu teu dipikaharti anu aya dina téks panumbu catur. Jiga kagiatan saméméhna, hadéna guru ngarrahkeun ieu kagiatan jadi sawala kelas anu ngalibetkeun sakabéh murid,
12.	Sabada murid paham kana eusi téks, murid nyieun kelompok anu jumlah anggotana luyu jeung peran anu aya dina téks. Diusahakeun anggota kelompokna ulah sarua jeung kelompok panata acara. Ieu hal kacida pentingna sangkan murid bisa gawé bareng jeung sakabéh baturna nu aya di kelas, lain ngan ukur jeung babaturan deukeutna wungkul.
13.	Murid sina nyawalakeun téks panumbu catur sarta ngabagi peran jeung babaturan kelompokna.
14.	Sabada murid paham kana pancénna séwang-séwangan, unggal kelompok molahkeun téks panumbu catur hareupeun kelas sacara bagilir.

15.	Unggal hiji kelompok midang, kelompok séjénna ngajén kana pidangan bieu nepi ka lumangsung diskusi kelas. Kitu jeung kitu nepi ka uanggal kelompok midang sarta murid paham kana pancén panumbu catur.
-----	--

3. Ngajawab Latihan

NO	KAGIATAN
16	<p>1. Pancén panata acara nyaéta purah nyusun runtuyan acara jeung nangtukeun sarta ngahaturanan saha-sahana anu midang atawa cacarita dina éta acara.</p> <p>2. Acara anu dijejeran ku panata acara nyaéta paturay-tineung siswa kelas salapan anu geus lulus ti sakola.</p> <p>3. Pikeun numuwuhkeun sifat silihrojong, silihasih ku pangarti, silihasah ku pangabisa, silihasuh ku kaweruh dina diri murid salila diajar.</p> <p>4. Méré pangajén ka siswa kelas IX anu nyongcolang préstasina sarta jadi pinunjul dina rupa-rupa pasanggiri, boh akademik boh non-akademik.</p> <p>5. Omonganna merenah sarta ngaleunjeur.</p> <p>6. Panata acara mah pancénna ngatur lumangsungna acara-acara anu sipatna seremonial, nyebutan acara sarta ngahaturanan anu midang atawa nyarita, ti mimiti prung nepi ka pungkasna acara anu jalma-jalmana téh geus ditangtukeun ti anggalna, sedengkeun panumbu catur mah ngatur lumangsungna sawala, ngatur iraha jeung saha anu nanya, jeung iraha narasumber ngajawab éta pananya. Lian ti kitu, boga pancén pikeun nyindekkeun hasil sawala.</p> <p>7. Jejer sawala dina téks panumbu catur nyaéta “Ngagunakeun basa Sunda dina kahirupan sapopoé”.</p> <p>8. Urang Sunda loba anu henteu nyarita ku basa Sunda, utamana di kota-kota. Di pilemburan ogé geus loba anu wegah nyarita ku basa Sunda, geus loba kolot urang Sunda anu ngajarkeun basa Indonésia ka anak-anakna.</p>

	<p>9. Undak-usuk basa Sunda angger diperlukeun, pangpangna pikeun ngabédakeun nyarita ka saluhureun, ka sahandapeun atawa babaturan anu satata, jeung ka sato.</p> <p>10. Ngahaturanan Pangjejer nyarita, ngahaturanan ka siswa anu nanya ka pangjejer, sarta nyindekkeun hasil sawala.</p>
--	---

B. Niténan Téks

NO	KAGIATAN
17.	Murid maca pedaran ngeunaan struktur téks panata acara jeung panumbu catur kalawan gemet.
18.	Sabada réngsé maca pedaran, murid dibéré kasemptan pikeun nanyakeun hasil paniténna. Dina prosés tanya-jawab ieu, guru ngarahkeun sangkan lumangsung kagiatan sawala (diskusi) kelas.
19.	Murid dibéré conto téks panata acara jeung panumbu catur anu séjenna, anu jejer jeung omonganana béda jeung anu aya dina pedaran tadi.
20.	Murid ngaanalisis struktur téks panata acara jeung panumbu catur anu bieu, nepi ka bisa nuduhkeun bagian-bagianna luyu jeung conto.
21.	Murid nepikeun hasil analisisna sacara bagilir, guru jeung murid séjenna ngajén kana hasil analisisna.

C. Metakeun

1. Panata Acara

NO	KAGIATAN
22.	Murid dijieuun kelompok. Bisa kelompok anu saméméhna atawa nyieun deui kelompok anyar.
23.	Unggal kelompok dibéré téks panata acara atawa panumbu catur.
24.	Murid ngabagi pancén peran anu aya dina téks. Tuluy unggal murid ngapalkeun bagianna séwang-séwangan.

25.	Sanggeus kabéh murid apal kana téks bagianana, praktékkeun hareupeun kelas. Suasana kelas diatur sangkan jiga keur ngayakeun hiji acara luyu jeung jejer dina téks téa.
26.	Kelompok anu henteu minton kudu meunteun pidangan ti kelompok nu keur midang di hareup, naon kakurangan jeung kaunggulanana.
27.	Guru meunteun pidangan kelompok ogé meunteun hasil panitén kelompok ka kelompok anu midang téa.

3. Latihan Nyusun Téks

28.	Murid masih dikelompokkeun, unggal kelompok anggotana opat urang.
29.	Murid dibéré sababaraha jejer acara, tuluy sina milih jejer acara anu dipikaresepna. Geus kitu murid jeung kelompokna séwang-séwangan nyusun téks panata acara. Guru ngaping salila murid migawé pancénnna.
30.	Sabada réngsé nyusun téks panata acara, uanggal kelompok dibéré pancén nyusun téks panumbu catur. Jejer sawalana ditangtukeun ku kelompok séwang-séwangan.
31.	Hasil pagawéan kelompok dikumpulkeun.

D. Pancén

NO	KAGIATAN
31.	Murid duaan-duaan titah milih pasualan anu aktual, anu keur haneut diambiléng, boh ku média massa boh ku masarakat di lingkungan sabudeureunana, tuluy éta pasualan dijieu jejer (bahan) sawala di kelas.
32.	Jejer anu dipilih téa, dipidangkeun hareupeun kelas. Saurang jadi pangjejer saurang deui jadi panumbu catur. Murid séjénna dibéré kalaluasaan nanya atawa ngajén kana jejer anu dijadikeun bahan sawala. Teu diatur jiga dina sawala anu maké naskah téa.

PANUTUP

Murid dibéré pancén sina ngahadiran hiji acara. Tuluy nengetan anu nyekel pancén panata acara dina éta acara. Murid kudu nengetan kalawan gemit kumaha pok-pokan nyaritana, sikep jeung anggah-ungguhna, pakéan anu dipakéna, jsb.

Eta hasil panitén dilaporkeun dina wangun tinulis kalawan dilengkepan ku pangajén manéhna pribadi kana sagala rupa hal anu katitén ti panata acara téa.

PANGAJARAN 2

ADAT DI PILEMBURAN

PANGANTEUR

Urang Sunda kasohor beunghar ku adat jeung budaya. Dina ieu pangajaran, bakal diwanohkeun rupa-rupa adat kabiasaan anu masih kénéh dipageuhan di lembur-lembur nu tangtu. Sabada pangajaran réngsé, dipiharep murid téh lian ti wanoh kana rupaning adat di pilemburan, ogé parigel maca wacana, bisa mahamkeun eusina, sarta nuduhkeun pakeman-pakeman basa anu aya dina wacana.

KAGIATAN DIAJAR

A. Maca Wacana

NO	KAGIATAN
1.	Guru muka pangajaran ku mintonkeun video atawa gambar ngeunaan kampung-kampung adat anu aya di Tatar Sunda. Aya kampung Baduy di Banten, Kampung Naga di Kabupatén Tasikmalaya, Kampung Ciptagelar di Kabupatén Sukabumi, Kampung Dukuh di Bogor, jsb.
2.	Sabada mintonkeun gambar-gambar pakampungan anu titik beuratna kana wangunan, kakara mintonkeun video atawa gambar-gambar anu keur migawé kagiatan budaya. Upamana anu keur hajat sérén taun, anu keur ngaruat, mitembeyan méméh tandur, panén, jsb.
3.	Sabada muter sababaraha video atawa mintonkeun gambar, murid dibéré pancén maca wacana anu judulna “Kampung Budaya Sindangbarang” kalawan gemet.
4.	Ulah poho murid diingetan heula pikeun nyatetkeun sababaraha hal anu dianggap unik anu aya dina wacana. Pangpangna anu patali jeung pakeman basa.
5.	Sabada réngsé maca, murid ngajawab latihan anu geus diasadiakeun dina buku murid.

Jawaban pancén latihan 1:

1. Leuweung maleukmeuk di jauhna, imah-imah panggung parentul. Asri tur hégar. Aya imah gedé, suhunan leuit anu nyarungcung éndah, tangkal kalapajeung awi tingrunggunuk, malah batu anu ngadarungkuk diriung ku kekembangan ogé matak éndah katingalina.
2. Pupuhu Kampung Sindangbarang nyaéta Ahmad Sumawijaya.
3. Dina naskah Pantun Bogor.
4. Rakéan Darmasiksa
5. Upacara sérén taun téh upacara anu diayakeun minangka tanda sukur ka Gusti Nu Maha Suci lantaran geus dipaparin hasil panén anu mucekil, sarta miharep hasil nu leuwih punjul dina taun hareupna.
6. Dina taun 2006.
7. Babagan imah aya tilu. Bagian tengah disebutna “buana panca tengah” tempat cicingna manusa, bagian handap atawa kolong disebutna “buana panca handap” tempat cicingna bangsa lelembut, jin, atawa siluman, sedeng bagian luhur nyaéta suhunan, disebutna “buana panca luhur” tempat cicingna karuhun.
8. Warogé téh gambar, simbul tina jangjawakan Sunda baheula anu diukur dina kai. Gunana pikeun panolak bala sangkan henteu diganggu ku bangsa lelembut nu boga maksud jahat. Asal kecapna tina daruga atawa darugi, robahan tina kecap durga atawa durgi. Dina mitologi Hindu, Durga téh Déwi Uma anu disupata ku Batara Guru tepi ka wujudna robah jadi raksési nu pikasieuneun.
9. Upacara melak batu atawa makukeun dimimitian ku Ngunduh Watu, nyaéta néangan atawa milihan batu di walungan, mun geus manggih tuluy meuleum menyan sarta sasadu ka lelembut nu ngageugeuh walungan yén éta batu rék dipindahkeun. Geus kitu Ngunduh Matur, nyaéta néangan tatangkalan anu bakal dipelak di sabudeureun batu. Eta batu jeung tatangkalan téh dipelak deukeut Imah Gedé.

B. Ngaguar Eusi Wacana

NO	KAGIATAN
7.	Murid dibéré pancén maca pedaran anu ngaguar eusi wacara Kampung Budaya Sindangbarang kalawan gemet.
8.	Tuluy niténan runtusan upacara adat anu masih kénéh hirup di éta lembur, niténa gambar-gambar wangun suhunan jeung istilah-istilah anu aya dina wacana. Salila murid niténan ieu pedaran, guru kudu sayaga ngajéntrékeun lamun murid aya nu nanya perkara eusi wacana.

9.	Hadéna guru ogé marengan kagiatan murid ku mintonkeun gambar-gambar hirup (video atawa pilem dokuméntér) anu patali jeung kagiatan budaya anu aya dina éta wacana.
10.	Murid migawé pancén latihan 2.
11.	Jawaban pancén latihan 2: 1. Nomer hiji nyaluyukeun kana jawaban murid, lantaran bisa jadi kabiasaan di lembur murid téh bédá-bédá. 2. - nyunatan hartina: - nyawér hartina: - nyekar hartina: - pancakaki hartina: - paririmbon hartina:

C. Ningkes Wacana

NO	KAGIATAN
12.	Murid maca deui wacana “Kampung Budaya Sindangbarang” kalawan gemet. Ieu pancén sorangan-sorangan.
13.	Murid maca conto tingkesan wacana “Kampung Budaya Sindangbarang” kalawan gemet.
14.	Geus kitu, murid dikelompokkeun anu anggota kelompokna opatan-opatan.
15.	Unggal kelompok dibéré pancén milih salahsahiji wacana anu geus nyampak dina buku cecekelanana.
16.	Unggal kelompok nyawalakeun eusi wacana anu dipilihna.
17.	Murid néangan kekecapan anu teu kaharti anu patali jeung adat kabiasaan, sina ditulis digundukkeun, geus kitu téangan hartina dina kamus. Alusna mah disadiakeun kamusna di perpustakaan sakola anu bisa diinjeum iraha baé.
18.	Murid nuliskeun pamanggihna ngeunaan wacana anu dibacana. Hal-hal naon anu kakara dipikanyaho ku murid anu aya dina éta wacana, hal-hal naon anu sarua jeung kabiasaan anu aya di lemburna, pakeman basa anu kapanggih dina éta wacana, jsb.
19.	Murid nyieun tingkesan eusi wacana.
20.	Hasil paniténna dibacakeun hareupeun kelas.

21.	Kelompok séjén diarahkeun ngoméntaran kana sagalarupa hal anu keur dibacakeun ku kelompok anu di hareup, anu engkéna dipiharep lumangsung sawala (diskusi) kelas. Guru jadi panumbu catur dina ieu sawala.
22.	Unggal kelompok meunteun sacara tinulis kakurangan jeung kaunggulan hasil panitén kelompok séjénna. Sarta hasilna dikumpulkeun.

D. Pancén

NO	KAGIATAN
23.	Murid dibéré pancén pikeun néangan wacana séjénna ngeunaan adat kabiasaan di pilemburan jeung kagiatan budaya urang Sunda, boh tina média citak, atawa tina internét. Ieu pancén dipigawé saurang-saurang.
24.	Sabada unggal murid manggih wacana anu dipikaresepna, murid nyieun tingkesan eusi wacana jeung nuliskeun kekecapan anu teu kaharti sarta néangan hartina tina kamus.
25.	Murid nuliskeun pamanggilan ngeunaan eusi éta wacana.
26.	Hasil paniténna dilaporkeun sacara tinulis, dikumpulkeun minggu hareupna.

PANUTUP

Pikeun leuwih ngantebkeun hasil pangajaran, murid dibéré pancén nulis wacana anu patali jeung adat kabiasaan anu aya di lemburna séwang-séwangan. Disarankeun murid sina nanyakeun ka kolotna, boh indung bapana boh nini akina. Malah bisa ogé nanyakeun ka kokolot lembur anu kagiatanana wawancara. Hasil wawancarana ditulis jadi wacana.

PANGAJARAN 3

PAKEMAN BASA

PANGANTEUR

Urang Sunda mah mun nyarita sok dibalibirkeun, tara togmol ka nu dimaksud. Maksudna mah ngaragangan ka anu diajak nyarita, sangkan henteu nerag teuing karasana. Malibirkeun omongan téh bisa ku wangun sisindiran atawa ku babasan jeung paribasa. Nu kitu téh disebutna pakeman basa atawa osok ogé disebut *idiom*, tina basa Yunani *idios*, anu hartina soranang, mandiri, husus, atawa has. Tah dina pangajaran ieu mah murid bakal diajak neuleuman pakeman basa dina wangun babasan jeung paribasa anu ilahar sok dipaké nyarita ku urang Sunda dina kahirupan sapopoé.

KAGIATAN DIAJAR

A. Maca Wacana

1.	Saméméh kagiatan diajar dimimitian, guru muka pangajaran ku nyebutan sababaraha conto babasan jeung paribasa. Upamana dina muka pangajaran téh nyaritana ngagunakeun babasan jeung paribasa. Contona: Barudak, lamun diajar hayang téréh bisa, urang téh kudu bodo aléwoh.....jsb. bisa sababaraha babasan jeung paribasa diasupkeun kana omongan, pikeun ngawahan ka matéri pokok.
2.	Mun geus kitu, kakara murid dibéré pancén pikeun maca wacana “Hayu Urang Nyaritaku Basa Sunda” kalawan gemet.
3.	Murid sina nuliskeun deui babasan jeung paribasa anu aya dina wacana sakalian jeung hartina.
4.	Murid ngajawab pananya anu patali jeung wacana. Ieu pancén dipigawé ku saurang-saurang (individu).
5.	Jawaban pananya ngeunaan wacana: 1. Cara ngamumulé basa Sunda di antarana ku cara nyarita maké basa Sunda dina kahirupan sapopoé.

2. Loba urang Sunda anu teu nyarita ku basa Sunda lantaran: lingkungan anu geus pacampur antar rupa-rupa sélérléng bangsa nepi ka perlu maké basa Indonésia, lantaran aya undak-usuk basa nepi ka loba nu sieun salah nyarita, lantaran aya anggapan basa Sunda kampungan, jsb.
3. Undak-usuk basa téh tahapan atawa panta-pantana basa, atawa luhur handapna ajén basa anu dilarapkeun luyu jeung jalma anu diajak nyarita.
4. Dumasar kana pamanggih murid.
5. - Hadé gogog hadé tagog
- Hadé tata hadé basa
- soméah hadé ka sémah
- tutulung ka nu butuh tatalang ka nu susah
6. Tatakrama téh aturan dina ngahormat atawa aturan sopan santun anu disaluyuan ku warga masarakat, pikeun silihajénan jeung nu lian.
7. Pikeun silihajénan jeung sasama sangkan bisa hirup rukun.
8. Ngarah teu patukeur makéna, lantaran najan sarua basa lemes, mun basa lemes keur ka sorangan dipaké ka saluhureun, dianggap urang teu ngajénan atawa teu hormat ka saluhureun, lantaran saolah-olah urang nganggap diri urang jeung bsaluhureun téh satata.

B. Niténan Pakeman Basa

NO	KAGIATAN
6.	Murid maca pedaran ngeunaan pakeman basa kalawan gemet, niténan kalimah anu ngagunakeun babasan jeung paribasa, sarta conto-conto babasan jeung paribasa anu dibéréndélkeun dina buku cecekelanana.
7.	Sangkan murid leuwih paham kana harti babasan jeung paribasa, sakabéh conto babasan jeung paribasa anu geus dibéréndélkeun jeung hartina, dilarapkeun kana kalimah. Ieu pancén dipigawé saurang-saurang (individu).
8.	Sabada dilarapkeun kana kalimah, murid bagilir macakeun hasil pagawéanana. Guru jeung murid anu séjenna ngoméntaran kana hasil pagawéan murid anu keur dibacakeun. Lamun aya kalimah anu kurang merenah, bisa langsung dibenerkeun harita kénéh. Murid digiring kana sawala (diskusi) kelas medar ngeunaan babasan jeung paribasa sarta larapna dina kalimah.

C. Nyangkem Babasan jeung Paribasa

NO.	KAGIATAN
9.	Guru ngaping siswa pikeun maca babasan jeung paribasa wawaran luang, pangjurung laku hade, panyaram léngkah salah.
10.	Sanggeus ditaraca, guru mancing siswa pikeun nataan babasan jeung paribasa séjéenna nu teu aya dina buku siswa ku cara nanyakeun. Sakur babasan jeung paribasa nu ditataan ku siswa hadéna dicatet ku siswa séjéenna sangkan nambahan pangaweruhna.
11.	Pancén 1 Guru maréntah siswa pikeun migawé pancén maluruh harti paribasa ku cara ngajodoxeun kana jawaban nu geus disadiakeun.
12.	Pancén 2 Guru maréntahkeun ka siswa pikeun migawé pancén maluruh harti kecap tina kamus jeung harti injeuman (konotatif) dina unggara babasan jeung paribasa. Contona: 1. <i>Kejot borosot</i> kejot (pangajak haté at. kahayang nu datangna ngadadak) borosot (kecap pagawéan ngalésotkeun at. ngécagkeun naon-naon barangbawaan beurat nu diais atawa nu digandong) hartina: ulah waka buru-buru nyieun kaputusan, kudu dipikir dibulak-balik heula, jsté.
13.	Pancén 3 Guru maréntahkeun ka siswa pikeun migawé pancén nyieun kalimah ngagunakeun babasan jeung paribasa. Contona: 1. <i>Dug hulu pet nyawa</i> Hartina: digawé satékah polah taya eureuna. Kalimahna: Mang Damiri nepi ka <i>dug hulu pet nyawa</i> usaha pikeun nyumponan pangabutuh hirup kulawargana, Jsté.
14.	Pancén 4 Guru maréntahkeun ka siswa pikeun migawé pancén ngalengkepan babasan jeung paribasa. Contona: 1. _____ beubeulahan térong Kawas beubeulahan térong, Jsté.

D. Ngalarapkeun Babasan jeung Paribasa

NO	KAGIATAN
15.	<p>Murid migawé latihan 1.</p> <p>Babasan:</p> <p>1. Kawas bueuk beunang mabuk = jempé/ngaheruk teu ngomong 2. Kawas anjing tutung buntut = teu daék cicing 3. Kembang buruan = Budak keur meujeuhna resep ulin di buruan 4. Kokolot begog = Niron-niron omongan atawa kalakuan kolot 5. Kurung batok = Tara liar ti imah, nepi ka teu nyaho nanaon 6. Laér gado = Resep barangpénta 7. Lésang kuras = Geus teu boga nanaon 8. Leuleus awak = Resep baranggawé, rapékan/daékan 9. Leutik burih = Teu boga kawani, sieunan, éléhan 10. Lungguh tutut = Katénjona lungguh/cicingeun padahal Saenyana henteu 11. Miyuni kembang = Loba nu mikaresep (dilarapkeun ka awéwé) 12. Murag bulu bitis = Resep indit-inditan 13. Ngabuntut bangkong = Teu puguh tungtungna, teu nepi ka réngsé 14. Ngégél curuk = teu meunang hasil 15. Ngéplék jawér = Kurang kawani, sieunan, borangan 16. Nyoo gado = Ngunghak, ngalunjak 17. Panjang léngkah = Loba pangalaman 18. Pindah pileumpangan = Robah kalakuan 19. saur manuk = Ngomong rampak/bareng 20. Tuturut munding = Nurutan batur bari teu nyaho maksudna</p>
16.	<p>Jawaban Latihan 2:</p> <ol style="list-style-type: none"> 1. Cing saurang-saurang atuh nyaritana, ulah <i>saur manuk</i> kitu! 2. Ulah dipeuncit kabéhanana hayam téh, pamali matak <i>lésang kuras</i> teu boga naon-naon. 3. <i>Miyuni kembang</i> Néng Syifa mah, nu néndo teu weléh resep.

4. Batur-batur mareunang duit, ari manéhna *ngégél curuk* teu kabagéan sapérak-pérak acan.
5. Urang Sunda gé ayeuna mah *murag bulu bitis*, teu idek liher di lembur baé, tapi laliar ka mancanagara.
6. Ih, kú naon ari Dadan, *kawas anjing tutung buntut*, ti tatadi teu daék cicing?
7. Basa dicarékan barudak téh jempling baé *kawas bueuk beunang mabuk*.
8. Pantes rék loba kanyaho ogé, da manéhna mah *panjang léngkah* loba pangalaman.
9. Kudu puguh aya hasilna ari babadannian téh, ualh tepi ka *ngabuntut bangkong*.
10. Si éta mah *laér gado* da, sok resep barang pénta ka batur.

Jawaban latihan 3:

1. Marebutkeun paisan kosong = Masinikeun pasualan anu teu aya hartina.
2. Mindingan beungeut ku saweuy = Ngéwa ka hiji jalma tapi api-api resep.
3. Mipit kudu amit ngala kudu ménta = Lamun rék barangcokot/ barangala, kudu béléja heula ka nu bogana.
4. Moro julang ngaleupaskeun peusing = Pagawéan anu geus puguh ditinggalkeun, ari nu puguh diudag-udag.
5. Mun teu ngakal moal ngakeul = Lamun teu digawé moal barangdahar
6. Nété tarajé nincak hambalan = Migawé satahap-satahap, henteu rusuh hayang anggeus sakaligus.
7. Neukteuk curuk dina pingping = Nyilakakeun dulur sorangan
8. Nu asih dipulang sengit = Pagawéan hadé dibales ku kagoréngan
9. Ngadék sacéknna nilas splasna = Sahinasna boh ucapan boh paripolah, henteu bohong atawa ngaleuleuwihkeun.
10. Ngajul bulan ku asiwung mesék kalapa ku jara = Migawé pagawéan anu moal kahontal, atawa teu asup akal
11. Ngaliarkeun taleus ateul = Ngabéja-béja/nyebarkeun kagoréngan batur
12. Ngawur kasintu nyieuhkeun hayam = Batur dipikanyaah ari dulur sorangan diantep
13. Ngindung ka waktu ngabapa ka jaman = Nyaluyukeun manéh jeung kaayaan jaman

	<p>14. Ngukur ka kujur nimbang ka badan = Ngukur kana kamampuh atawa kaayaan diri sorangan</p> <p>15. Nyieun pucuk ti girang = Nyieun kasalahan ti heula</p> <p>16. Pacikrak ngalawan merak = Nu leutik/miskin ngalawan nu gedé/beunghar</p> <p>17. Pagiri-giri calik pagirang-girang tampian = Paluhur-luhur jeung batur, henteu hayang akur sorangan</p> <p>18. Piit ngeundeuk-ngeundeuk pasir = Boga kahayang anu pamohalan kasorang</p> <p>19. Pupulur méméh mantun = Barangdahar saméméh digawé</p> <p>20. Silih jenggut jeung nu dugul = Ménta tulung ka jalma anu sarua keur ripuh</p>
18.	<p>Jawaban latihan 4:</p> <ol style="list-style-type: none"> 1. Batur mah sok teu weléh ditulungan ku Kang Uja téh, ari dulurna boga kabutuh sok haré-haré, <i>ngawur kasintu nyieuhkeun hayam</i>, nu kitu téh. 2. Manéhna nu mimiti nyieun kasalahan téh, nu <i>nyieun pucuk ti girang</i>, tapi naха ayeuna bet malik nuduh ka kuring? 3. Urang kudu <i>ngindung ka waktu mibapa ka jaman</i>, kudu bisa nuturkeun kaayaan jeung kamajuan jaman. 4. Ulah sok resep ngaliarkeun taleus ateul, ngucah-ngacéh kagoréngan batur. 5. Ih, kumaha ieu téh bet <i>pupulur méméh mantun</i>, can digawé tapi geus meunang buruh. 6. Sing sabar ari baranggawé téh, <i>kudu nété tarajé nincak hambalan</i>, ulah hayang gancang anggeus bari hasilna teu hadé. 7. Sing daék usaha atuh ari hayang boga panghasilan mah, apan ceuk paribasa gé <i>mun teu ngakal moal ngakeul</i>. 8. <i>Nu asih dipulang sengit</i> nu kitu téh kasebutna. Kolotna nu ngurus ti bubudak, ayeuna bet dipingéwa ku manéhna. 9. Ulah luhur teuing boga kahayng téh, urang kudu ngukur ka kujur nimbang ka badan, nyaluyukeun jeung kamampuh sorangan. 10. Euh, sok tara békéja Lina mah ari baranginjeum téh, apan ceuk paribasa ogé <i>mipit kudu amit ngala kudu ménta</i>.

E. Niténan Babasan jeung Paribasa dina Wacana

NO	KAGIATAN
19.	Murid dikelompokkeun anu anggotana sakelompok opatan tuluy dibéré pancén maca téks biantara anu aya dina buku kalawan gemet, sarta bari nyirian babasan jeung paribasa anu aya dina éta téks.
20.	Sabada kapanggih babasan jeung paribasan, tuluy digundukkeun, babasan babasan wungkul, paribasa paribasa wungkul.
21.	Téangan harti babasan jeung paribasa anu kapanggih téa dina buku kumpulan babasan jeung paribasa atawa kamus. Hadéna buku pangrojong anu dipikabutuh disadiakeun di perpustakaan sakola sarta bisa diinjeum iraha baé.
22.	Sabada kapanggih hartina, tuluy dilarapkeun kana kalimah.
23.	Hasil pagawéan kelompok, dibacakeun hareupeun kelas. kelompok séjen ngajén kana hasil pagawéan kelompok anu midang, pangpangna dina nyusun kalimah, nepi ka jadi sawala (diskusi) kelas.
24.	Ieu pagawéan dilaporkeun dina wangun tinulis pikeun dipeunteun.

PANUTUP

Pikeun ngantebkeun pangaweruh murid kana pakeman basa anu mangrupa babasan jeung paribasa, murid jeung kelompokna dibéré pancén néangan babasan lobana 20 jeung paribasa lobana 20, boh nyutat tina omongan kolot di sabudeureun kahirupanna sapopoé boh tina buku atawa tina internét. Tuluy éta babasan jeung paribasa ditéangan hartina sarta tuluy dilarapkeun kana kalimah. Dikumpulkeun sakelompok hiji laporan.

PANGAJARAN 4

NULIS LAPORAN KAGIATAN

PANGANTEUR

Tangtu di sakola remen diayakeun kagiatan anu ngalibetkeun sakabéh murid. Naha miéling acara agustusan, naha kagiatan Pekan Kreativitas Siswa, naha ngayakeun karyawisata, muludan, rajaban, jsb. kacida pentingna murid diajar ngadokumnéntasikeun kagiatan anu geus dipigawé dina wnagun tinulis, lain ngan sakadar dina wnagun poto. Hal ieu pikeun ngalatih cara mikir anu ngaruntuy (sistematis), nulis dina wanda resmi, nyusun kalimah anu merenah ringkes tur padet, sarta mikaweruh struktur nulis laporan kagiatan.

KAGIATAN DIAJAR

A. Maca Laporan kagiatan

NO	KAGIATAN
1.	Saméméh muka buku pangajaran, aya hadéna guru midangkeun rékaman ngeunaan kagiatan-kagiatan anu biasa dilaksanakeun di sakola.
2.	Lian ti gambar-gambar kagiatan, guru ogé bisa midangkeun rékaman conto pupuhu panata calagara hiji kagiatan keur macakeun laporan kagiatan. Upamana pupuhu panatacalagara paturay tineung, pupuhu panatacalagara miéling agustusan, jsb.
3.	Salila ngabandungan pidangan rékaman, murid nyekel alat tulis sarta dibéré pancén nuliskeun ha-hal penting anu aya dina kagiatan atawa anu dilaporkeun ku pupuhu panatacalagara téa.
4.	Sabada réngsé, guru bisa mentés sababaraha urang murid macakeun hasil catetanana. Teu kudu kabéh, cukup sababaraha urang murid anu sakirana bisa ngawakilan sakabéhna. Ulah poho hasil cateta murid dikoméntaran, sarta méré kasempetan ka murid séjenna pikeun milu ngoméntaran.
5.	Sanggeus dianggap murid boga gambaran kana matéri anu bakal ditepikeun, murid kakara dibéré paancén pikeun maca conto laporan kagiatan “Wisata Budaya ka Kampung mahmud”. Ulah poho murid dibéré pancén nuliskeun struktur atawa babagian anu kudu aya dina laporan kagiatan.

6.	Salila maca, murid dibéré lolongkrang pikeun nanyakeun hal-hal anu teu kaharti, sarta guru siap sadia pikeun ngajéntrékeunana.
7.	<p>Réngsé maca, murid migawé latihan. Ieu jawabanana:</p> <ol style="list-style-type: none"> 1. Kampung mahmud perenahna di Désa Mekarrahayu, Kacamatan Margaasih, Kabupatén Bandung. 2. Kampung mahmud diadegkeun ku Eyang Abdul Manaf 3. Dina jaman Walanda Eyang Abdul Manaf ngamukim di Mekah. Méméh mulang ka lemah cai, anjeunna munajat ka Allah di Kubah Mahmud nu aya di wewengkon Masjidil Harom, nyuhnkeun pitiduh di mana tempat pamulangan anu moal katincak ku Walanda. Nya meunang ilapat kudu ngajugjug ka wewengkon ranca. Eyang Abdul Manaf ngalaksanakeun éta ilapat sarta ngadegkeun Kampung mahmud di wewengkon ranca sisi Walungan Citarum di Pasisian Bandung. 4. Loba kénéh imah panggung, sawaréhna deui imah gedong. 5. – teu meunang nyieun imah tina bahan témbok (permanén) <ul style="list-style-type: none"> - teu meunang nyieun imah ngagunakeun kaca - teu meunang nabeuh gooong - teu meunang nyieun sumur - teu meunang ngingu soang 6. Ku sabab ulah kanyahoan ku Walanda, nya kaayaan lembur kudu simpé. 7. Sabab éta pantrangan geus teu saluyu jeung kaayaan jaman. 8. Gumantung kana jawaban murid.

B. Niténan Laporan Kagiatan

NO	KAGIATAN
8.	Murid dibéré pancén néangan conto rupa-rupa laporan kagiatan, boh dokuméntasi di hiji organisasi boh nu aya dina buku, internét, atawa média massa. Rék dina basa Sunda atawa basa Indonésia.
9.	Laporan kagiatan beunang néangan téa tuluy ditengetan kalawan gemet, sarta dijieun kacindekkan bagian naon waé anu aya dina éta laporan kagiatan. Dituliskeun strukturna kalawan ngaruntuy. Mun basa Indonésia kudu ditarjamahkeun heula kana basa Sunda.
10.	Hasil paniténna dibacakeun hareupeun kelas. Guru jeung murid anu séjénnna ngajén kana hasil pagawéanana.

C. Nulis Laporan Kgiatan

NO	KAGIATAN
11.	Murid dibéré pancén nyieun kelompok anu sakelompokna opat urang.
12.	Unggal kelompok dibéré pancén nengetan dua tulisan dina buku anu nyaritakeun hiji kgiatan.
13.	Dua naskah tadi dirobah jadi wong laporan kgiatan anu struktur tulisanana jiga dina conto.
14.	Hasil tulisan kelompok dibacakeun hareupeun kelas. kelompok séjenna ngajén kana hasil pagawéan anu dibacakeun. Diarahkeun sangkan jadi sawala (diskusi) kelompok.
15.	Hasil pagawéan kelompok dikumpulkeun.

D. Pancén

NO	KAGIATAN
16.	Murid jeung kelompokna nyieun laporan kgiatan ngeunaan kgiatan anu kungsi diayakeun, boh di lingkungan sakola boh di lingkungan masarakat di lemburna.
17.	Mun geus réngsé, pagawéan hiji kelompok ditukeurkeun jeung kelompok séjenna. Tuluy unggal kelompok ngajén tulisan beunang nyusun kelompok séjén, pangpangna nuliskeun naon kakurangan jeung kasalahana.
18.	Hasil tulisan jeung hasil pangajén kana tulisan kelompok séjén dikumpulkeun pikeun dipeunteun.

PANUTUP

Guru nutup pangajaran, ku cara méré pancén keur pigawéeu di imah. Ulah poho méré gambaran kagiatan diajar minggu hareupna, sangkan murid bisa tatan-tatan nataharkeun bahan ajar anu aya patalina jeung matéri nu bakal ditepikeun heula. Guru ogé ulah bosen méré motivasi sangkan murid daék diajar sorangan, leuwih kréatip jeung aktip dina migawé pancén-pancén, geus kitu pangajaran ditutup ku ngado'a babarengan.

PANGAJARAN 5: **MACA NOVEL**

PANGANTEUR

Kiware geus loba novel-novel Sunda anu caritana geus nuturkeun jaman, henteu ngan ngulibek nyaritakeun alam pilemburan tapi geus nyaritakeun alam kiwari jeung téhnologi anu leuwih deukeut jeung kahirupan barudak Sunda ayeuna. Ku kituna, dipiharep saméméh ngajarkeun ieu matéri, guru macaan heula rupa-rupa novel barudak anu témana ogé rupa-rupa. Pikeun ngahudang karep barudak kana maca, guru bisa nyaritakeun eusi rupa-rupa novel anu dibacana saliwat-saliwat. Dina ieu pangajaran, murid teu cukup ku maca sempalan novel wungkul, tapi dikudukeun maca novel anu gembleng, minimal sajudul. Tuluy dianalisis unsur-unsurna.

KAGIATAN DIAJAR

A. Maca Sempalan Novel

NO	KAGIATAN
1.	Saméméh kagiatan diajar, guru némbongkeun rupa-rupa novel barudak dina basa Sunda bari nyaritakeun eusina saliwat-saliwat, pikeun ngahudang rasa panasaran dina diri murid sangkan hayang maca eusina. Malah alusan mah ditambahan ku sawatara novel Sunda bacaeun kolot, pangpangna novel Sunda anu medal dina awal kamekaranana. Upamana Baruang Ka Nu Ngarora karangan D.K. Ardiwinata, Rusiah Nu Goréng Patut karangan Sukria jeung Yuhana, Lain Eta karangan Moh. Ambri, jrrd.
2.	Sanggeus pantén murid museur, kakara pedaran museur kana novel anu dicutat sempalanana dina buku, nyaéta novel Rasiah Kodeu Biner jeung Catetan Poéan Réré. Alusna novelna ditémbongkeun ka murid di kelas.
3.	Murid dibéré pancén maca sempalan novel Rasiah Kodeu Biner. Ulah poho murid diingetan nyadiakeun catetan pikeun nuliskeun kekecapan anu teu kaharti anu kapanggih dina sempalan novel téa.
4.	Kekecapan anu teu kaharti téa digundukkeun, pikeun ditéangan hartina dina kamus atawa diterangkeun ku guru.

5.	Sabada réngsé maca, murid dibéré pancén nyaritakeun deui naon anu dibacana maké basana sorangan. Teu kudu unggal murid, cukup sababaraha urang pikeun ngawakilan kelas. Hal ieu penting pikeun mikanyaho nepi ka mana kamampuh murid dina nyangkem eusi bacaan.
----	---

B. Maham Eusi Sempalan Novel

NO	KAGIATAN
6.	Sangkan murid leuwih paham kana eusi sempalan novel, murid dibéré pancén ngajawab pananya anu patali jeung eusi sempalan.
7.	<p>Jawaban pananya eusi sempalan:</p> <ol style="list-style-type: none"> 1. Palaku dina sempalan novel 1: Rina, Anis, Diran, Emod, Indung Rina, Bu Lilis, Lalaki duaan nu saurang ngaran Ahmid, Jang Wand, Bu Ening, Pa Sukaya, jeung Sudira. 2. Ku sabab sempalan urang can bisa mastikeun saha palaku utamana, tapi mun niténan kana eusi carita, bisa jadi anu jadi palaku utamana: Rina, Anis, Diran, jeung Emod. 3. Pasipatan anu opatan, balageur, palinter, sarta loba kapanasaran. 4. Latar waktu isuk-isuk di imah Rina. Anu dicaritakeun ku Emod di wc sakola jeung tempat parkir beurang jeung di warnét pasosoré. 5. Lantaran butuheun keretas anu dibabawa ku Emod sarta tinggaleun di wc, meunang manggih tina saku kaméja bulao ti gudang. 6. Ukur angka 1 jeung 0, atawa kodeu biner. 7. Nyieun heula surat anu eusina angka 1 jeung 0 di warnét. 8. Tuluy leumpang ka sakola nyokot keretas anu tinggaleun di wc téa, tuluy leumpang ka imah Diran, nyaritakeun pangalamanana basa dibawa kabur ku lalaki duaan. 9. Lantaran diculikna basa kaluar ti wc, babaturanana euweuh di dinya. Tuluy rék nelepon ogé teu apaleun nomer babaturanana. 10. Jawaban gumantung ka murid séwang-séwangan.

C. Niténan Unsur Novel

NO	KAGIATAN
8.	Murid maca pedaran ngeunaan unsur-unsur novel. Sangkan murid gancang paham, hadéna dibarengan ku pedaran ti guru ongkoh.

9.	Murid dibéré kasempetan pikeun nanyakeun ngeunaan eusi novel Rasiah Kodeu Biner. Hadéna guru geus maca eusi novelna sacara gembleng.
10.	Dina ieu pedaran murid kudu paham pisan kana anu dimaksud unsur-unsur novel, naon anu dimaksud palaku sarta kumaha porsi peranna dina carita nepi ka aya sesebutan palaku utama jeung palaku panambah, naon anu dimaksud latar boh waktu boh tempat, nu kumaha anu disebut galur carita, jeung naon anu dimaksud téma. Dina téma pangpangna sok loba kénéh murid anu pamahamanna pabeulit jeung amanat.
11.	Sabada murid paham kana pedaran guru, murid dikelompokkeun sarta dibéré pancén pikeun latihan ngaaprésiasi sempalan novel “Catetan Poéan Réré” jeung “Nu Sengit Dipulang Asih” anu aya dina buku.
12.	Murid jeung kelompokna maca sempalan novel babarengan.
13.	Murid nuliskeun ringkesan sempalan novel anu dibacana
14.	Murid nuliskeun unsur-unsur novel anu aya dina sempalan novel: palaku, latar, galur, jeung téma.
15.	Hasil panitén murid ditulis kalawan rapih, tuluy dibacakeun hareupeun kelas. Bisa jadi hasil panitén hiji kelompok bédha jeung hasil panitén kelompok séjénna. Ieu hal bisa jadi bahan sawala (diskusi) kelas.

E. Nganalisis Tingkesan Novel

NO.	KAGIATAN
16.	Dina ieu bagian dipiharep siswa miboga kamampuh ngabédakeun antara wacana sempalan novel jeung tingkesan novel.
17.	Guru maréntahkeun murid maca conto tingkesan novel “Mantri Jero” Sajeroning maca, siswa diparéntah pikeun merhatikeun kaidah-kaidah basa tulis nu aya dina éta tingkesan novel, kayaning tanda baca, nuliskeun hurup kapital, isiltah, pilihan kecap, kaasup undak-usuk basana.
18.	Pancén 4 Guru maréntahkeun siswa pikeun nuliskeun pokok pikiran utama nu aya dina unggal paragrap tingeksan novel “Mantri Jero”.
19.	Guru maréntah siswa pikeun ngalaporkeun hasil pagawéanana.

F. Nulis Sempalan jeung Tingkesan Novel

NO.	KAGIATAN
20.	Dina ieu bagian dipiharep siswa miboga kamampuh pikeun nuliskeun sempalan jeung ningkes novel luyu jeung kaidiah-kaidahna.
21.	Guru maréntah siswa pikeun maca pedaran singget ngeunaan tingkesan jeung sempalan novel.
22.	Guru nugaskeun siswa pikeun maca hiji judul novel séjénna, tuluy siswa diparéntah pikeun nuliskeun sempalan jeung tingkesan tina éta novel nu dibacana. Pikeun migae ieu tugas bisa dipigawé ku saurang, duaan, atawa kelompok (diluyukeun jeung situasi jeung kondisi siswana).
23.	Guru ngumpulkeun hasil pagawéan siswa jeung maréntahkeun siswa pikeun macakeun éta hasil pagawéanana.

G. Pancén

NO	KAGIATAN
16.	Unggal murid dibéré pancén néangan novel Sunda. Alusna guru méré rékoméndasi novel naon baé anu kudu dibaca ku murid. Malah leuwih hadé lamun novél-novélna disadiakeun ku perpustakaan sakola.
17.	Unggal murid maca hiji novel nepi ka tamat. Tuluy sina ngaringkes eusina jeung nuliskeun unsur-unsurna. Sangkan laporanna ngaruntuy, dina ngaringkes dipasing-pasing unggal bab anu engkéna bakal jadi galur carita.
18.	Murid anu maca novélna sarua judulna dihijiikeun jadi sakelompok. Tuluy dibéré pancén ngadiskusikeun hasil laporanana.
19.	Tuluy hasil laporan unggal anggota kelompok dirangkum jadi hiji laporan, anu bakal dikumpulkeun ka guru.
19.	Hasil ngaringkes kelompokna dibacakeun hareupeun kelas, sangkan murid séjén anu maca novel anu béda, apal kana eusi novél séjénna. Ka cara kieu, murid bakal apal sakaligus kana eusi sababaraha novel najan macan ngan hiji.

20.	kelompok séjén ngajén atawa nanya ka kelompok anu keur macakeun laporanana. Jadi penting pisan, boh guru boh kelomlpok anu macakeun laporanna, apal kana eusi novel anu keur dipedar.
21.	Guru meunteun hasil laporan tinulis jeung hasil pidangan kelompok di hareup.

PANUTUP

Sabada murid ngagulang-gapér novel, dipiharep bisa ngaronjatkeun karepna pikeun macaan novel-novel séjéenna, peran guru kacida pentingna pikeun ngahudang kapanasaran murid nepi ka timbul karep pikeun maca. Taya salahna mun murid dibéré pancén deui maca novel pikeun laporan ahir seméster.

PANGAJARAN 6:

DRAMA

PANGANTEUR

Mun niténan kaayaan kiwari, mémang drama téh geus langka dipintonkeun. Najan lain hartina tara aya. Di Gedong Kasenian Rumentang Siang Bandung upamana, unggal taun mayeng diayakeun pestival drama basa Sunda. Atawa dina acara paturay tineung, biasana sok aya anu mintonkeun drama. Tapi mun hésé-hésé teuing mah néangan conto, kapan sinétron ogé sarua jeung drama, ngan pédaħ waktuna panjang pisan. Dina ieu pangajaran murid bakal diwanohkeun kana naskah drama sarta sakaligus molahkeunana (merankeunana).

KAGIATAN DIAJAR

A. Maca Naskah Drama

NO	KAGIATAN
1.	Saméméh kagiatan diajar dimimitian, guru midangkeun sempalan drama dina wangun video. Ulah ngan hiji contona, bisa sababaraha drama. Mun aya mah dina wangun teater, gending karesmén, sendratari, atawa longsér. Sangkan murid kahudang karepna kana ieu matéri. Malah pikeun ngairing suasana diajar anu tumaninah jeung pikaresepeun, aya alusna midangkeun drama anu aya bodoran ongkoh.
2.	Sabada lalajo pidangan babarengan, murid dibéré pancén niténan naskah drama anu judulna “Si Ujang Jadi Prabu”. Ulah poho murid salila maca téh diingetan nyadiakeun alat tulis pikeun nyatetkeun hal-hal anyar atawa anu ngahudang kapanasaranana anu kapanggih dina naskah anu keur dibacana.
3.	Sabada réngsé maca naskah drama, guru ngajak murid ngadiskusikeun hasil bacaan murid, pangpangna ngeunaan wangun tulisan drama anu béda jeung wangun tulisan séjénna. Murid dimotivasi sangkan nanyakeun naon baé anu jadi kapanasaranana.

4.	Sabada réngsé tanya-jawab, murid ngeusian latihan anu geus disadiakeun.
5.	<p>Jawaban latihanna:</p> <ol style="list-style-type: none"> 1. Anu ngalalakon dina naskah drama Si Ujang Jadi Prabu nyaéta Gusti Prabu, Paman Léngsér, Praméswari, jeung Radén Aria. 2. Baluweng ku dua perkara. Anu kahiji lantaran rahayat keur keuna ku rupa-rupa musibat, anu kadua lantaran putrina teu damang. 3. Orok kakara brol tapi bedegul, bisa kokorondangan, jaba bisa nyarita. 4. Kudu ditumbal ku tujuh mustika' 5. Radén Aria. Pasipatanana ogo jeung gumasép. 6. Praméswari nyaéta istri resmi raja atawa sok disebut ogé garwa padmi. 7. Adegan kaluarna Radén Aria putra raja anu maké saragam SD, sarta omonganana. 8. Jalma-jalma sakti.

B. Niténan Naskah Drama

NO	KAGIATAN
6.	Murid maca pedaran dina bagian niténan naskah drama, nepi ka paham kana bagian-bagian atawa ciri-ciri husus anu aya dina naskah drama.
7.	Sabada paham kana ciri-ciri naskah drama, murid diwangun kelompok anu sakelompokna paling loba genep urang tuluy dibéré naskah drama séjénnna.
8.	Murid ngadiskusikeun naskah drama anu anyar.
9.	Murid ngaringkes eusi naskah drama maké basa lancaran.
10.	Murid nuliskeun ciri-ciri husus dina naskah drama luyu jeung anu dipertélakeun dina pedaran. Dicatat bagian-bagian anu jadi ciri husus téa.
11.	Réngsé unggal kelompok niténan naskah drama, unggal kelompok ka hareup macakeun hasil paniténna.

12.	kelompok séjén dibéré kasemptan pikeun nanya atawa ngajén kana eusi laporan ti kelompok nu di hareup.
-----	---

C. Metakeun Drama

NO	KAGIATAN
13.	Murid jeung kelompokna ngabagi peran pikeun pikeun metakeun naskah drama Si Ujang Jadi Prabu nepi ka tamat.
14.	Sabada bérés ngabagi peran, tuluy saréréa ngapalkeun naskah drama luyu jeung peranna séwang-séwangan.
15.	Murid dibéré kasemptan pikeun latihan jeung kelompokna, sangkan dina pintonan dramana, boh réngkak boh lentong, luyu jeung pameredih eusi naskah.
16.	Unggal kelompok mintonkeun pagelaran drama Si Ujang Jadi Prabu. Kelompok séjénna nuliskeun kakurangan jeung kaunggulan tina pintonan kelompok anu keur midang.
17.	Sabada réngsé pintonan hiji kelompok, diayakeun sawala pikeun ngajén kana pintonan tadi, sangkan unggal kelompok apal di mana kakurangananana. Kitu jeung kitu nepi ka unggal kelompok minton kabéh. Kadé dina pintonan alusna murid maké kostum anu luyu, pikeun numuwuhkeun kreativitas dina dirina jeung sangkan daria dina molahkeun dramana. Ulah disengker ku waktu, da waktu mah laluasa.

D. Pancén

NO	KAGIATAN
18.	Murid jeung kelompokna dibéré pancén nyieun naskah drama anu témana bébas, anu jumlah palakuna diluyukeun jeung jumlah anggota kelompok.
19.	Naskah meunang nyusun murid dipilih anu pangalusna, sarta kelompok anu kapilih pangalusna kudu molahkeun naskahna hareupeun kelas. Hal ieu kudu dibéjakeun ti anggalna sangkan murid kahudang karepna pikeun nyieun naksah paalus-alus.

20.

Kelompok séjén dibéré kasempetan pikeun ngajén pidangan kelompok anu kapilih téa.


PANUTUP

Sabada pangajaran réngsé, tangtu murid bakal paham pisan kana naon anu disebut drama. Pikeun pancén kelompok di imah, murid nyieun rékaman molahkeun drama tina naskah anu geus disusun ku kelompokna téa. Dirékam dina wong video, anu engkéna bakal dipidangkeun di kelas. Lantaran waktuna laluasa sarta nyieunna ukur sakelompok, murid bisa molahkeun drama anu dirojong ku kostum jeung akting anu alus. Hasilna dilalajoan ku saréréa sarta diajén ku kelompok séjénna.

Bab III

BAHAN PANGJEMBAR

A. WANGUN KARYA SASTRA



B. BASA

Basa téh nyaéta sintem lambang sora omongan anu dihasilkeun ku pakakas ucapan manusa kalawan puguh éntép seureuhna (sintematis) tur ragem (konvénisional) antar anggota masarakatna pikeun tujuan komunikasi.

FUNGSI BASA


Fungsi basa téh peran anu dicekel ku basa minangka alat komunikasi. Fungsi basa muncul dumasar kana:

1. panyatur
2. paregep
3. konteks
4. kontak

5. kode

6. amanat omongan

Mun digambarkeun mah kieu fungsi basa téh:



1. Fungsi Emotif nyaéta fungsi basa anu raket patalina jeung panyatur, gunana pikeun ngébréhkeun rasa, pikiran, tur kahayang panyaturna.
2. Fungsi Konatif nyaéta fungsi basa anu raket patalina jeung paregep (pamacá), gunana pikeun nimbulkeun pamapag (responsi) ka paregep, tujuanana bisa ngajak, mangaruhan, nitah, nyaram, nanya, mapatahan, jst.
3. Fungsi kognitif nyaéta fungsi basa anu raket patalina jeung konteks atawa objék nu dicaritakeun, gunana pikeun ngagambarkeun dunya luar basa kayaning ngulik, ngadadarkeun, jeung medar élmu pangaweruh.
4. Fungsi patis nyaéta fungsi basa anu raket patalina jeung kontak interaksi, gunana pikeun nepungkeun panyatur jeung paregep geusan ngajaga talisilaturahmi, silihajénan, tur silihormat.
5. Fungsi imajinatif nyaéta fungsi basa anu raket patalina jeung amanat atawa pesen omongan minangka makéna basa jadi lambang kaéndahan. Museur kana amanat lambang basa anu nimbulkeun rasa éndah, tujuanana ngarah meunang kasugemaan batin, biasana mangrupa kristalisasi pangalaman jiwa pamaké basa tur diréalisasikeun winangun karya sastra.
6. Fungsi métabasa nyaéta basa anu raket patalina jeung lambang (kode, tanda) basa, gunana pikeun maluruh tur medar basana sorangan. Contona, basa Sunda mibanda fungsi ngulik jeung medar basa Sunda.

PANGAJARAN 1

GIRANG ACARA

Dina unggal acara atawa riungan, boh resmi boh kulir, tangtu sok aya nu ngaluluguan muka acara. Geus puguheun model acara-acara resmi pamaréntahan, dines, atawa organisasi mah, dalam dina acara modél papacangan atawa réunian jeung babaturan sakelas baheula, pancén girang acara téh kacida diperlukeunana. Pangpangna mah sangkan acara puguh alang-ujurna. Puguh kumaha mimitina, puguh kumaha runtuyanna, sarta puguh kumaha pungkasanana.

Kapan ayeuna mah geuning MC (master of ceremony) téh geus jadi hiji profesi anu bayaranana ogé mahal. Nepi ka loba jalma anu boga kapinteran dina nyarita, ngahususkeun manéh nyekel profési girang acara (MC). Komo sabada loba média televisi anu remen ngayakeun acara-acara, peran girang acara téh kacida diajénanana. Nepi ka aya girang acara anu dibayar ratusan juta dina sakali midang téh. Ku kituna, jaman kiwari mah kaparigelan jadi girang acara téh geus jadi profési anu bisa diandelkeun keur kahirupan. Kitu deui deui peran panumbu catur, ayeuna mah kacida pentingna lantaran loba dinas/instansi/organisasi anu ngayakeun diskusi, seminar, atawa lokakarya. Panumbu catur gé geus dijadikeun profési anu dibayar mahal ayeuna mah. Ieu di handap aya sababaraha hal anu jadi pancén panumbu catur dina sawala:

1. ngatur lumangsungna sawala.
2. muka sawala sacara resmi.
3. ngatur giliran nu rék nyarita.
4. nangtukeun lilana nyarita.
5. teu meunang ngarobah pokok permasalahan atawa tema.
6. bisa ngeureunkeun sawala, lamun pamilon teu tartib.
7. nutup sawala.

Husus dina rutuyan acara ngawinkeun upamana, kapan peran girang acara téh sakitu pentingna. Ti mimiti nanyaan, ngamar, nyeureuhan, seserahan, akad nikah, upacara adat, nepi ka acara hiburanana kudu maké girang acara. Kapan nepi ka aya bukuna husus runtuyan acara jeung biantara-biantara anu biasa ditepikeun dina acara ngawinkeun. Judul bukuna “MODANA” anu disusun ku R.H. Uton Muchtar sareng Ki Umbara. Kanggo bapa/ibu Guru nu palay neleban runtuyan acara ngawinkeun, tiasa maos ieu buku.

Pikeun conto-contona mah dina buku cecekelan murid geus dibéréndélkeun naskah girang acara jeung panumbu catur. Da enas-enasna mah sarua baé, boh pancénna boh pok-pokanana, kari ngarobah maksudna baé diluyukeun jeung acara anu keur dilaksanakeun. Dina bubuka, biasana ngajak sukuran ka Gusti anu tos ngawidian nepi ka acara bisa lumangsung, ngadugikeun solawat ka kangjeng Nabi, nganuhunkeun ka nu haladir, nétélakeun éta riungan téh dina raraga naon, sarta ngumumkeun béréndélan acara anu bakal dilakonan. Penting pisan dibéréndélkeun sangkan anu kabagéan pancén, pangpangna nepikeun pamapag, apal iraha kudu ngalaksanakeun pancénna.

Satuluyna ngahaturanan anu bakal mancén atawa cumarita. Geus bérés, nganuhunkeun ka nu tos ngalaksanakeun pancénna/cumarita téa. Tuluy ngahaturanan anu cumarita satuluyna. Kitu jeung kitu nepi ka runtuyan acara béak. Geus kitu girang acara/panumbu acara boga pancén nutup acara. Husus pikeun panumbu catur, kudu dipungkas ku nyindekkeun hasil diskusi. Nu matak girang acara/panumbu catur mah wayahna kudu ngajentul ti mimiti nepi ka pungkasan acara.

PANGAJARAN 2

BAHASAN

Sakabéh tulisan anu dimuat dina média massa, disebutna artikel. Aya anu dina wangun warta, feature, bahasan, ésény, atawa kolom. Nepi ka kiwari, can aya téori anu bener-bener bisa misahkeun wangun tulisan antara bahasan, ésény, atawa kolom. Bisa jadi tulisanana mah éta-éta kénéh, ngan béda méré ngaran wungkul. Upamana istilah kolom, mimitti populérna sabada dipaké ku Majalah Témpo. Majalah Manglé ogé milu maké éta istilah pikeun méré ngaran kana artikel-artikel wangun ésény anu ditulisna leuwih pondok batan anu disebut bahasan ku éta majalah.

Bisa jadi, anu rada ngabédakeunana téh dina cara nulisna. Lamun bahasan, leuwih réa ditulis dina wangun narasi, déskripsi, jeung eksposisi. Sedeng ésény mah biasana eusina leuwih arguméntatif atawa disebut ogé wangun arguméntasi. Dina harti, loba nyodorkeun pamanggih anu nulis kana hiji perkara.

Nu disebut narasi téh nyaritakeun. Gaya nulisna wungkul nyaritakeun hiji perkara anu sipatna informatif. Kamampuh nulis pangarang bakal kaciri pisan dina wangun narasi mah. leuwih tapis ngolah basa, bakal leuwih matak ngirut nu maca eusi tulisanana.

Sedeng déskripsi mah nataan. Nyebutan sarupaning hal ditéték nepi ka bubuk leutikna, nepi ka nu maca meunang gambaran anu lengkep ngeunaan naon-naon anu ditepikeun ku anu nulis. Mun nataan hiji patempatan téa mah, nepi ka tembres kagambar dina pikiran anu maca kumaha kaayaan di éta tempat.

Dina tulisan eksposisi, biasana nu nulis téh nepikeun hiji perkara pikeun nambahan pangaweruh anu macana. Upamana kumaha carana nyieun endog asin. Hal-hal anu patali jeung endog asin, ti mimitti nyieunna nepi ka kumaha masarkeunana, dipedar gemet pisan. Nepi ka anu maca téh meunang pangaweruh anyar anu bisa dipraktékkeun ku sorangan. Bisa ogé ngeunaan hasiat tutuwuhan pikeun ubar, cara ngolah barang-barang urut sangkan aya mangpaatna, jsb.

Nu kaopat, wangun tulisan arguméntasi. Tah biasana dina média massa mah sok disebut ésény atawa kolom téa. Tulisanana leuwih kritis, biasana medar ngeunaan pasualan-pasualan aktual anu patali jeung kapentingan umum. Gagasan jeung pamanadegan anu nulis leuwih kentel karasana, sarta méré pangaruh kana cara mikir anu maca. Inteléktual anu nulis bakal kagambar dina eusi tulisanana.

Sanajan wangun tulisan dipasing-pasing, tapi dina émpronan mah sok gumulung baé. Komo ari narasi mah, da biasana dina unggal tulisan ogé pasti aya. Ngan meureun loba saeutikna, anu bisa dipaké ciri téh. Mana anu leuwih dominan dina tulisan, éta bisa dipaké nyirian wangun tulisanana.

Di dieu moal dipidangkeun conto-conto tulisanana, lantaran ku niténan ciricirina ogé jigana guru bisa ngabédakeun artikel nu hiji jeung ju séjénna.

PANGAJARAN 3

PAKEMAN BASA

Urang Sunda, kasohor beunghar ku pakeman basa atawa anu sok disebut idiom téa. Asalna tina basa Yunani idios anu hartina has, mandiri, husus, pribadi. Jadi pakeman basa téh nyaéta wangun basa anu husus tur mandiri sarta harti anu dikandungna teu bisa dihartikeun sajalantrahna nurutkeun harti tata basa. Anu kaasup kana pakeman basa téh di antarana:

1. Babasan

Babasan nyaéta unggara winangun kecap (kantétan) atawa frasa anu susunan basana geus matok sarta ngandung harti injeuman. Contona tingali dina buku murid.

2. Paribasa

Paribasa nyaéta unggara winangun kalimah atawa klausa anu kekecapan katut susunan basa geus matok sarta teu bisa dirobah. Upamana basa kasar teu meunang dirobah kana basa lemes pé dah nyarita jeung saluhureun. Biasana ngandung harti babandingan minangka siloka lakuning hirup manusa. Contona tingali dina buku murid.

3. Gayabasa

Gayabasa nyaéta rakitan basa anu dipaké sangkan ngahudang pangaruuh (efek) anu leleb karasana ka nu maca atawa nu ngaregepkeun.

Contona:

- Pucuk kalapa lir nu ngagupayan
- Panonna mani hurung
- Beungeutna pias kawas kapas
- Budak téh teu katempo tarang-tarangna acan

4. Rakitan Lantip

Rakitan lantip téh nyaéta susunan kecap anu dihartikeunana ku kabiasaan maké dadasar lantip.

Contona:

- Cik pangmiceunkeun tampolong. Anu dipiceun eusina, lain tampolongna.
- Eh, seungit nu ngagoréng bawang. Anu seungit téh goréng bawangna, lain anu ngagoréngna.

5. Kecap Kiasan

Kecap kiasan nyaéta kecap anu hartina dipapadékeun kana harti kecap séjén atawa sok disebut ogé ngandung harti konotatif (harti injeuman/harti anu teu sabenerna).

Contona:

- Na mani ngahampas pisan ka batur téh.
- Néng Tuti téh béntangna di kelas 7 a.

6. Cacandran

Cacandran nyaéta panataan kana pasipatan tempat anu dibalibirkeun. Nuduhkeun kaayaan (kondisi) hiji tempat. Contona: Bandung heurin ku tangtung, Sumedang ngarangrangan, Cianjur katalanjuran, jsb.

7. Uga

Uga nyaéta tujuman (torah) anu aya patalina jeung parobahan penting, babakuna parobahan kaayaan nagara (daerah).

Contona: - Sunda nanjung mun pulung geus turun ti Galunggung.

- Pulo Jawa kaérékéh ku kulit kuning lilana saumur jagong.

8. Caturangga

Caturangga nyaéta pakeman basa anu nuduhkeun tanda-tanda pikeun mikanyaho hadé goréngna watek kuda mun diingu.

- a. Satria tinayungan (pinayungan) nyaéta watek kuda anu hadé, matak mulya ka nu ngingu; tanda kukulinciran dina tonggong handapeun sela beulah katuhu.
- b. Sekar panggung nyaéta watek kuda anu hadé, mawa rahayu ka nu ngingu; tandana bulu suku kuda ti handap nepi kana tuurna opatanana bodas.
- c. Sumur bandung nyaéta watek kuda anu hadé, matak loba rejeki, tandana aya kukulinciran dina tarang kuda.
- d. Wisnu murti nyaéta watek kuda anu hadé, tandana bulu kuda hideung meles.
- e. Buaya ngangsar nyyaéta watek kuda anu goréng, dibawa meuntas dina parung sok depa, dina leuwin sok palid; tandana kukulinciran dina beuteung beulah tukang.
- f. Tumpur ludes nyaéta watek kuda anu goréng, matak sangsara ka nu ngingu; tandana kukulinciran dina beuteung beulah hareup.
- g. Turub layuan nyaéta watek kuda anu goréng. Matak pikasieuneun; tandana kukulinciran dina tonggong kuda, handapeun sela beulah hareup.

9. Candrasangkala (kronogram)

Candrasangkala nyaéta kalimah atawa frasa nu ngandung harti panataan angka taun. Anu dipaké patokan téh sok taun Saka (pananggalan bangsa Syek di India nu diitung ti lahirna Raja Salihwarna nu ganjor 78 taun ti Nabi Isa). Ku kituna, keur nyaruakeun taun Saka jeung taun Maséhi sok ditambah 78 taun.

Contona:

- Panca pandawa ngemban bumi: 5521-1255 Saka-1333 Maséhi, ngadegna Karajaan Pajajaran.
- Sirna ilang kertaning bumi: 8741 – 1478 Saka – 1556 Maséhi, runtagna Karajaan Majapahit.

10. Repok

Repok nyaéta tujuman (torah) anu aya patalina jeung cara nganyahokeun alus henteuna nasib dua jalma nu rék laki rabi. Upamana wedan Senén repok jeung wedak Kemis. Lantaran Senén lambangna kembang, Kemis lambangna angin. Lamun kembang kaanginkeun tangtu seungit nyambuang. Wedal Salasa repokna ka wedal Jumaah. Lantaran Salasa lambangna seuneu, sedeng Jumaah lambangna cai. Lamun seuneu dibanjur ku cai, tangtu jadi tiis. Wedal Rebo repokna ka wedal Saptu. Lantaran Rebo lambangna daun, sedengkeun Saptu lambangna bumi. Tangkal tumuwuhna di bumi. Sedeng poé minggu mah dilambangkeun méga, ieu gé disebutna repok jeung wedal Rebo lantaran daun ngaluhuran bisa ngahontal méga.

Dina repok téh aya itungan anu patali jeung ma'na ninggangna dina naon, naha bagja, pati, rejeki, cilaka, jsb. Aya dua ma'na anu dikandungna, nyaéta:

- a. Ma'na anu alus kayaning: ratu sabdaning pandita, padaringan kebek, sangga waringin, satria lalaku.
- b. Ma'na anu goréng kayaning pisang punggel, lumbung gumulung, jeung tunggak kasemi.

PANGAJARAN 4:

LAPORAN KAGIATAN

Dina nulis Laporan Kagiatan, anu penting mah puguh heula sistematikana. Najan teu baku, tapi dina laporan kagiatan biasana ngawengku sababaraha bagian. Lamun diringkeskeun mah kieu sistematika laporan kagiatan téh:

1. Bubuka

1.1. Kasang tukang

Eusina ngeunaan alesan-alesan naon pentingna dijieun laporan sabada ngalaksanakeun hiji kagiatan. Dina kasang tukang ogé ditulis gambaran umum ngeunaan kagiatan anu geus dilaksanakeun téa.

1.2. Tujuan

Dina ngayakeun hiji kagiatan tangtu miboga tujuan anu sipatna positip sarta gedé mangpaatna keur balaréa. Tah tujuan ngayakeun ieu kagiatan téh kudu dijéntrékeun sing mérélé, sangkan lamun hasilna alus bisa dilaksanakeun deui ka hareupna.

2. Prosés Lumangsungna Kagiatan

2.1. Hasil kagaiatan

Dina laporan kagiatan tangtu baé hasilna kudu dilaporkeun. Upamana ngayakeun kagiatan pasanggiri basa Sunda anu ngawengku sababaraha mata lomba. Dina hasil kudu dibéréndélkeun saha waé anu jadi pinunjul dina éta pasanggiri. Alusan ditabélkéun anu ngamuat waktu kagiatan, jenis lombana, jeung saha waé pinunjulna, sangkan leuwih jéntré.

2.2. Sumber Waragad

Sumber waragad anu digunakeun dina ngayakeun hiji kagaiatan kudu dilaporkeun, komo lamun waragadna ngagunakeun anggaran dinas atawa organisasi. Kudu ditataan nepi ka sapérak dua péarakna duit anu dikaluarkeun sarta dibarengan ku bukti pengeluaran mangrupa kuitansi atawa nota. Hal ieu pikeun nytingkahan sangkaan goréng ti anggota dinas/organisasi anu teu jadi panitia.

2.3. Halangan Harungan Kagiatan

Hal ieu gé perlu ditulis dina laporan, pikeun bahan evaluasi lamun rék ngayakeun deui kagaiatan anu sarupa ka hareupna. Ku ayana bahan evaluasi, halang-halangan anu ngaganggu kana kalancaran acara bisa disingkahan atawa diantisipasi ti anggalna.

3. Panutup

Dina panutup mah biasa ngamuat kacindekkan jeung saran atawa nganuhunkeun ka unggal pihak anu geus méré bantuan nepi ka acara bisa dilaksanakeun.

PANGAJARAN 5:

NOVEL

Novel téh carita anu panjang anu ditulis dina wangu lancaran. Kajadianana diréka lir anu enya-enya kajadian. Jalan caritana loba bagian-bagianana, tapi sambung sinambung ngawangun hiji leunjeuran carita anu gembleng. Ku lantaran loba bagian-bagianna téa, tangtu baé latar waktu jeung latar tempatna ogé leuwih lega. Kitu deui palakuna, biasana leuwih loba, pangpangna dina palaku panambah. Atuh dina nyaritakeun pasipatan jeung paripolah palakuna ogé leuwih laluasa, nepi ka karakter-karakter tokoh dina novel mah karasana sok leuwih kuat.

Novel dina sastra Sunda minangka pangaruh tina sastra Barat, utamana Walanda. Mimiti muncul dina sastra Sunda dina abad ka-20. Novel munggaran dina sastra Sunda nyaéta *Baruang ka nu Ngarora* karangan D.K. Ardiwinata anu medal taun 1914. Genep taun leuwih ti heula mun dibandingkeun jeung novel munggaran dina basa Indonesia nyaéta *Azab dan Sengsara* karangan Merari Siregar anu medal taun 1920. Dina *Baruang ka nu Ngarora*, nyaritakeun kahirupan masarakat Bandung dina katompernakeun abad ka-19.

Satuluyna dina taun 1926, kaluar deui novel *Agan Permas* karangan Yuhana. Disusul ku novel *Rusiah nu Goréng Patut* karangan Sukria jeung Yuhana anu medal taun 1928. Karangan Yuhana séjénna upamana *Eulis Acih jeung Mugiri*, medal sapandeurieunana.

Masih dina taun 1928, R. Méméd Sastrahadiprawira medalkeun novel *Mantri Jero* anu latrana kajadian sajarah dina abad ka-16 di Nagara Tengah (Priangan Wétan). Disusul taun 1930 ku novel *Pangéran Kornél* masih karangan R. Méméd sastrahadiprawira. Taun 1940 medal novel *Laleur Bodas* karangan Samsu. Nu ieu mah eusina carita detektif. Novel detektif séjénna, *Diarah Pati* jeung *Rasiah Geulang Rantay* karangan Margasulaksana, tuluy karangan Ahmad Bakri di antarana: *Mayit Dina Dahan Jéngkol*, *Rajapati di Pananjung*, *Asmaramurka jeung Bedog Si Rajapati*. Pangarang wanoja ogé aya anu ngarang novel detektif, upamana novel *Kalajengking* karangan Anna Mustikaati sandiasmana Aam Amalia. Lian ti ngarang *Kalajengking*, Aam Amalia ogé ngarang novel *Buron*, *Puputon*, *Sanggeus Halimun Peuray* anu kungsi dipilemkeun, jeung *Lalangsé*.

Lian ti éta loba deui novel anu Sunda anu medal. Di anatarana waé: *Pipisahan*, *Nu kaul Lagu Kaléon* karangan R.A.F., *Mikung*, *Lembur Singkur* karangan Abdullah Mustappa, *Béntang Pasantréen*, *Béntang Lapang* karangan Usep Romli H.M., Lain Eta karangan Moch. Ambri, *Cinta Pabaliut* karangan Eddy D. Iskandar, jsb.

Pikeun bacaeun barudak SMP mah loba ogé novel barudak. Disebut novel barudak sotéh lantaran eusina mémang diajangkeun keur bacaeun barudak. Atuh anu ngalalakonna ogé barudak deuih, sarta masalah-masalah anu disanghareupanna ogé masalah anu remen karandapan/raket patalina jeung kahirupan barudak. Kiwari novel barudak téh kaitung loba, sabadana pamedal Kiblat Utama getol medal-medalkeun, boh medalkeun deui novel barudak anu geus lawas, boh medalkeun novel anu anyar. Geura urang tataan sababaraha contona:

1. Karangan Samsoedi: *Budak Teuneung, Budak Minggat, Surat Wasiat, Carita Si Dirun.*
2. Karangan Tatang Sumarsono: *Miang jeung Kaludeung, Si Paser, Si Sekar Panggung, Ochank.*
3. Karangan Hidayat Soesanto: *Guha Karang legok Pari, Bima Rengkung.*
4. Karangan Ahmad Bakri: *Nu Sengit Dipulang Asih, Kabandang ku Kuda Lumping, Dirawu Kélong*
5. Karangan Aan Merdeka Permana: *Tanah Angar di Sebambam, Kedok Tangkorék, Andar-andar Pagandaran, Paul di Pananjung Paul di Batukaras.*
6. Karangan Adang S. : *Néangan Bapa, Budak Calakan, Dang Umar ti Situraja.*
7. Karangan Ki Umabara: *Si Bedog Panjang* (bisa digolongkeun ogé kana novel misteri)
8. Karangan Dadan Sutisna: *Misteri haur Geulis, Legok Kiara, Rasiah Kodeu Binner* (bisa digolongkeun ogé kana novel misteri)

PANGAJARAN 6: DRAMA

Drama téh carita atawa lalakon anu ditulis dina wangun paguneman, pikeun dipintonkeun. Dina pintonanana, drama mah ngandung sakabéh unsur seni; seni musik, seni suara, seni tari, seni peran, jeung seni sastra. Tah anu kaasup kana seni sastra mah naskahna téa. Dina naskah lengkep disebutkeun latarna, musik anu kudu dipaké, lagu anu kudu dihaleuangkeun, gerak anu kudu dirigigkeun, nepi ka réngkak paripolah anu kudu diperankeun ku palaku. Dina naskah drama mah gegedéna ngagunakeun kalimah langsung, silihempas antar palaku. Najan sok aya ogé anu ditulis dina jero kurung, biasana gerak/riuk beungeut anu kudu diperankeun ku palaku. Tah anu dina bagian jero kurung mah teu kudu diomongkeun tapi dilampahkeun.

Anu disebut drama dina sasatra Sunda téh drama modéren atawa sok disebut ogé téater. Ari saméméhna mah aya nu disebut sandiwara, tah ieu mah kaasupna drama lisan, anu teu maké naskah. Aya ogé anu disebut gending karesmén, wangun drama anu pagunemanana digurit dina wangun tembang atawa kawih sarta dipintonkeunana kudu dilagukeun. Lian ti drama anu diwangun ku paguneman (dialog) aya deui dina wangun monolog, nyaéta pagelaran drama anu mangrupa omongan hiji jalma. Palakuna ngan saurang. Dina sastra Sunda can kapanggih naskah drama monolog mah, aya ogé pagelaran monolog anu naskahna nyokot tina carita pondok atawa karya-karya séjéenna. Upamana carpon Oknum karangan Hadi AKS, remen dipintonkeun dina wangun monolog ku Wawan Sofwan (dramawan Bandung), malah nepi ka Ustrali sagala.

Dina drama aya anu disebut babak, nyaéta bagian-bagian pintonan. Dina hiji pintonan drama téh biasana diwangun ku sababaraha babak. Lumrahna, mun ganti babak téh sok ganti setting. Tah dina sababaraha babak téh diwangun ku sababaraha adegan. Lian ti éta, aya ogé anu disebut prolog, nyaéta bubuka drama atawa panganteur kana adegan mimiti. Sedengkeun panutupna sok disebut épilog.

Sababaraha karya drama anu gelar dina sastra Sunda, di antarana waé:

1. Wahyu Wibisana: Tukang Asahan, Tonggérét banén.
2. Yoseph Iskandar: Juag Toéd, Tanjeur Pajajaran, Runtagna Pajajaran, Sémah, Siliwangi Maharaja Pajajaran, Dalem Cuké.
3. R. Hidayat Suryalaga: Tambang, Raja Walét, Pundén-pundén nu Rarempag
4. Ahmad Bakri: Rajapati, Lebé Kabayan
5. Yus Rusyana: Huitbah Munggaran di Pajajaran
5. Teddy AN Muhtadin: Pasaran

6. Tatang Sumarsono: Randu Jalaprang
7. Eddi Tarmidi: Ciung Wanara
8. Enang Rokayat Assura: Méga-Méga Peuray
9. Nazarudin Azhar: Jeblog
10. Dhipa Galuh Purba: Badog
11. Eriyandi Budiman: Buuk Seuneu
12. Arma Djunaédi: Rorongo
13. Rosyid E. Abby: Qasidah Cinta Alfaruq

Bab IV

PITUDUH MEUNTEUN

MODEL PENILAIAN AUTENTIK DINA PROSES JEUNG HASIL DIAJAR DUMASAR KANA KURIKULUM 2013

A. Wangenan Asesmen Autentik

Nu dimaksud Asesmen Autentik téh nyaéta ngukur kamampuh murid secara signifikan kana hasil diajarna anu ngawengku sikep, kaparigelan, jeung pangaweruh. Isitilah asesmen téh sinonim tina meunteun (penilaian), ngukur (pengukuran), nguji (pengujian), jeung evaluasi. Sedengkeun istilah autentik sasaraanna tina asli, nyata, valid, atawa reliabel.

Sacara konséptual, asesmen autentik ngandung makna anu leuwih signifikan dibandingkeun jeung tés pilihan ganda anu geus nyumponan standar. Dina ngalarapkeun asesmen autentik pikeun ngajén hasil diajar murid, guru ngalarapkeun kriteria anu tumali jeung konstrusi pangaweruh, kagiatan niténan jeung ujicoba, ogé préstasi di luar sakola.

Dina American Library Association, asesmen autentik téh miboga harti hiji proses pikeun ngukur kinerja, prestasi, motovasi, jeung sikep-sikep murid dina kagiatan anu aya patalina jeung pangajaran.

Sedengkeun dina Newton Public School, asesmen autentik miboga harti proses ngajén kana hasil jeung pagawéan murid anu aya patalina jeung pangalaman hirup anu nyata.

Nu pamungkas, Wiggins ngadéfinisikeun asesmen autentik téh mangrupa hiji tarékah pikeun méré pancén ka murid anu pancénna téh ngagambarkeun prioritas jeung tantangan anu kapanggih sajeroning kagiatan diajar upamana dina nalungtik hiji pasualan, nulis, ngoméan jeung medar artikel, ngalaporkeun hasil analisis kana hiji kajadian, debat dina diskusi, jsb.

B. Rupa-rupa Asesmen Autentik

Dina raraga ngalaksanakeun asesmen autentik nu hadé, guru kudu paham heula kana tujuan anu bakal dihontal. Guru kudu nyindekkeun heula hal-hal anu patali jeung:

1. Sikep, kaparigelan, jeung pangaweruh naon baé anu bakal diajén.
2. Fokus pangajén kana widang naon baé, naha anu patali jeung sikep, jeung kaparigelan, atawa jeung pangaweruh.
3. Tingkat pangaweruh anu bakal dianjénna nepi ka mana, upamana nalar, memori, atawa proses.

Sangkan leuwih jéntré, di handap dibéréndélkeun rupa-rupa asesmen autentik:

1. Penilaian Kinerja

Asesmen autentik kudu ngalibetkeun partisifasi murid, hususna dina proses jeung aspek-aspek anu bakal diajén. Guru bisa méré pancén ka murid pikeun nyebutkeun unsur-unsur proyék/pancén anu bakal dipaké ku murid pikeun ngaréngsékeun pancénna. Ku ayana informasi ieu, guru bisa méré umpan balik kana kinerja murid dina wntagun laporan naratif atawa laporan kelas. aya sababaraha cara pikeun ngarékam hasil ngajén anu basisna kinerja:

- a. daptar ceklis (checklist). Digunakeun pikeun mikanyaho muncul atawa henteuna unsur-unsur nu tangtu tina indikator atawa subindikator nu kudu aya dina hiji kajadian atawa tindakan.
- b. catetan anékdote/narasi (anecdotal/narrative records). Digunakeun ku jalan guru nuliskeun laporan narasi ngeunaan naon baé anu dipigawé ku unggal murid salila kagiatan diajar atawa migawé pancén. Tina ieu laporan guru bisa nangtukeun nepi ka mana murid nyumponan standar anu geus ditangtukeun.
- c. Skala penilaian (rating scale). Biasana ngagunakeun skala numerik jeung predikatna. Upamana: 5 = baik sekali, 4 = baik, 3 = cukup, 2 = kurang, 1 = kurang sekali.
- d. memori/ingatan (memory approach). Guru niténan murid salila diajar atawa migawé pancén, bari jeung teu nyieun catetan, naha murid geus nyumponan standar anu geus ditangtukeun atawa acan.

Niténan kinerja murid bisa dilaksanakeun dina rupa-rupa situasi sarta tuluy-tumuluy. Upamana, pikeun ngajén kaparigelan nyarita, guru bisa niténan dina waktu murid prakték biantara, diskusi kelas, ngadongéng, nyaritakeun deui eusi wacana, atawa wawancara. Bisa digunakeun rupa-rupa instrumen, upamana ngajén sikep, observasi tingkah laku, nanya langsung, jsb.

Penilaian diri (self assessment) kaasup kana penilaian kerja. Mangrupa salahiji teknik ngajén anu prak-prakanana murid dibéré pancén ngajén dirina sorangan anu patali jeung tingkat kamampuhna dina hiji kompetensi. Téhnik ieu gé bisa dipaké pikeun ngukur kompetensi kognitif, afektif, jeung psikomotor dumasar kana standar anu geus ditetepkeun. Gedé pisan mangpaat téhnik penilaian diri téh, diantarana: 1) numuwuhkeun rasa percaya diri murid, 2) murid sadar kana kahéngkéran jeung kapunjulanana sorangan, 3) ngarojong jeung ngabiasakeun murid jujur ka dirina sorangan, 4) numuwuhkeun sumanget pikeun maju dina dirina.

2. Penilaian Proyek.

Penilaian proyek (project assesment) mangrupa kagiatan ngajén kana pancén-pancén anu kudu diréngsékeun ku murid dina peride waktu anu geus ditangtukeun. Pancén anu dimaksud mangrupa investigasi anu dipigawé ku murid ti mimiti nyieun rarancang, ngumpulkeun data, ngelompokkeun, ngolah, jeung midangkeun data. Ku kituna, penilaian proyek mah patali jeung pamahaman, ngalarapkeun, nalungtik, jsb. Salila migawé proyek, murid miboga kasempetan pikeun ngalarapkeun sikep, kaparigelan, jeung pangaweruhna. Ku kituna, guru kudu niténan tilu perkara:

- a. Kaparigelan murid dina milih topik, néangan jeung ngumpulkeun data, ngolah jeung ngaanalisis data, méré harti (ngamaknaan) informasi anu kapanggih, jeung nulis laporan.
- b. Kasaluyuan (relevansi) matéri pangajaran jeung kamekaran sikep, kaparigelan jeung pangaweruh anu diperlukeun ku murid.
- c. Orisinalitas atawa kaaslian hiji “proyek pembelajaran” anu dipigawé atawa dihasilkeun ku murid.

3. Penilaian Portofolio

Penilaian portofolio minangka pangajén anu dumasar kana informasi ngeunaan kamekaran kamampuh murid dina hiji periode. Eta informasi téh bisa mangrupa karya murid tina hiji kagiatan diajar anu dianggap panghadéna, bisa tina hasil té, atawa informasi séjenna anu luyu jeung sikep, kaparigelan, atawa pngaweruh anu kudu dihontal dina hiji kompetensi. Jadi, anu diajén téh kumpulan karya murid, boh sorangan- sorangan boh kelompok dina hiji periode kagiatan diajar.

Ku penilaian porofolio, guru bisa mikanyaho kamekaran jeung kamajuan diajar murid. Upamana dina hasil karya nyieun sajak, nulis carpon, ngaringkes novel, nulis laporan kagiatan, nulis naskah drama, nulis guguritan, jsb.

Léngkah-léngkah penilaian portofolio:

- 1). Guru ngajéntrékeun sacara ringkes anu dimaksud penilaian portofolio
- 2). Guru jeung murid nangtukeun jenis portofolio anu bakal dijeun
- 3). Murid, boh kelompok boh individu, kalawan dituyun ku guru nyusun portofolio pembelajaran.
- 4). Guru ngumpulkeun portofolio murid dibarengan ku catetan tanggal ngumpulkeunana.
- 5). Guru meunteun potofolio murid dumasar kana kriteria anu geus ditangtukeun

- 6). Mun kaburu, guru jeung murid ngadiskusikeun dokumen portofolio anu geus dikumpulkeun
- 7). Guru méré umpan balik kana hasil penilaian portofolio.

4. Tés Tinulis

Najan konsép asesmen autentik muncul lantaran aya anggapan tés tinulis kurang nyugemakeun, tapi dina kagiatan diajar tés tinulis angger diperlukeun. Wangunna bisa milih jawaban, upamana pilihan ganda, milih bener-salah, ya-tidak, ngajodokeun, jsb. Bisa ogé ngajawab ku jalan ngeusian luyu jeung pananya (uraian).

Tés tinulis wangun uraian meredih kamampuh murid dina nginget-ningget, mahamkeun, ngelompokkeun, ngalarapkeun, ngaanalisis, jeung ngajén matéri anu geus diajarkeun. Nyieun soalna diusahakeun bisa ngawengku ranah sikep, kaparigelan, jeung pangaweruh murid. Tés wangun uraian méré kasempetan ka guru pikeun ngukur hasil diajar murid dina tahapan anu leuwih luhur atawa kompleks.

C. Conto Pormat Meunteun

1. KELAS 7 Matéri Paguneman

1. Bentuk Instrumen dan Instrumen

- a. Kompetensi Sikap:

Lembar Pengamatan Sikap

Mata Pelajaran : Bahasa dan Sastra Sunda

Kelas/Semester : VII/1

Tahun Ajaran :

Waktu Pengamatan :

No	Nama Siswa	Religius				Jujur				Tanggungjawab				Santun			
		BT	MT	MB	MK	BT	MT	MB	MK	BT	MT	MB	MK	BT	MT	MB	MK

Keterangan:

1. BT (belum tampak) jika sama sekali tidak menunjukkan usaha yang sungguh-sungguh dalam menyelesaikan tugas.
 2. MT (mulai tampak) jika menunjukkan sudah usaha ada yang sungguh-sungguh dalam menyelesaikan tugas tetapi masih sedikit dan belum ajeg/konsisten.
 3. MB (mulai berkembang) jika menunjukkan ada usaha yang sungguh-sungguh dalam menyelesaikan tugas yang cukup sering dan mulai ajeg/konsisten
 4. MK(membudaya) jika menunjukkan adanya usaha sungguh-sungguh dalam menyelesaikan tugas secara terus menerus dan ajeg/konsisten.
- b. Kompetensi Pengetahuan:
- Soal Tes Lisan
- 1) Lamun dititénan tina paguneman anu dilakukeun ku A jeung B, kira-kira naon hubungan antara A jeung B téh?
 - 2) Sebutan kalimah-kalimah nu jadi konci dina éta paguneman!
 - 3) Sebutan bagian-bagian eusi éta pagunemam!
 - 4) Naon anu hayang ditepikeun ku A ka B téh?
 - 5) Naon anu jadi jejer paguneman antara A jeung B?
- c. Kompetensi Keterampilan:
- Lembar Penilaian Teks Paguneman (a)

No.	Nama Peserta Didik	Aspek yang Dinilai			
		Isi (1-5)	Organisasi (1-5)	Diksi (1-5)	Struktur (1-5)

- Lembar Penilaian Unjuk Kerja (b)

No.	Nama Peserta Didik	Aspek yang Dinilai			
		Tampilan (1-5)	Kesesuaian (1-5)	Kelancaran (1-5)	Kebahasaan (1-5)

2. Pedoman Penskoran

(1) Penilaian Pengetahuan (NP)

- Skala skor: 1-5
- Skor Maksimal = $5 \times 5 = 25$
- Nilai Pengetahuan (NP) = Skor Diperoleh/10

(2) Penilaian Ketarampilan (NK)

- Skala skor: 1-5
- Skor Maksimal masing-masing(a) dan (b) = $5 \times 4 = 20$
- Skor Diperoleh = (a)+(b)
- Nilai Keterampilan (NK) = Skor Diperoleh/10

(3) Nilai Total

$$NT = NP + NK$$

2. KELAS 8

Materi: Kawih

Bentuk Instrumen dan Instrumen

a. Kompetensi Sikap:

Lembar Observasi Penilaian Proses

No	Aspek yang dinilai	Teknik Penilaian	Waktu Penilaian	Instrumen Penilaian
1	Religius	Pengamatan	Proses	Lembar Pengamatan
2	Jujur			Terlampir
3	Tanggung jawab			
4	Santun			
5	Cermat			

Lembar Pengamatan Sikap

Mata pelajaran :

Kelas/semester :

Tahun ajaran :

Waktu pengamatan :

No	Nama Siswa	Religius				Jujur				Tanggungjawab				Santun			
		BT	MT	MB	MK	BT	MT	MB	MK	BT	MT	MB	MK	BT	MT	MB	MK

Keterangan:

1. BT (belum tampak) jika sama sekali tidak menunjukkan usaha yang sungguh-sungguh dalam menyelesaikan tugas
2. MT (mulai tampak) jika menunjukkan sudah usaha ada yang sungguh-sungguh dalam menyelesaikan tugas tetapi masih sedikit dan belum ajeg/konsisten
3. MB (mulai berkembang) jika menunjukkan ada usaha yang sungguh-sungguh dalam menyelesaikan tugas yang cukup sering dan mulai ajeg/konsisten
4. MK(membudaya) jika menunjukkan adanya usaha sungguh-sungguh dalam menyelesaikan tugas secara terus menerus dan ajeg/konsisten

b. Kompetensi Pengetahuan:

Penilaian Hasil

Indikator Pencapaian Kompetensi	Teknik Penilaian	Bentuk Penilaian	Instrumen
<ol style="list-style-type: none"> 1. Mengenal teks kawih Sunda 2. Memahami kata-kata yang terdapat dalam teks kawih Sunda 3. Memahami isi teks kawih Sunda 4. Menemukan purwakanti dalam teks kawih Sunda 5. Membandingkan teks kawih Sunda lama dan kawih baru 	Tes Tertulis	Tes Uraian	<ol style="list-style-type: none"> 1. Sebutkan ciri-ciri nu kapanggil dina teks kawih Sunda? 2. Téangan kecap-kecap anu teu kaharti dina teks kawih, sarta sebutkeun naon hartina! 3. Caritakeun eusi kawihna dumasar kana naon-naon anu dibaca ku hidep! 4. Téangan kecap-kecap anu murwakanti sarta sebutkeun murwakanti dina sora naon! 5. Sebutkeun naon bédana jeung sasaruanna dua kawih di handap!

1. Menceritakan kembali isi teks kawih Sunda dengan bahasa sendiri	Tes Lisan observasi	Langsung	1. Baca kawih di handap sarta tuluy caritakeun deui maké basa hidep sorangan!
2. Menyanyikan kawih Sunda	Tes Lisan observasi	Langsung	2. Apalkeun salahsahiji kawih nepi ka bisa ngahaleuangkeunna, tuluy saurang-saurang ngahaleuang hareupeun kelas!
3. Melengkapi teks kawih yang rumpang	Portofolio	Unjuk kerja	3. Salin rumpaka kawih anu aya dina buku kana buku tulis, kupingkeun lagu nu rék disetél, tuluy eusian titik-titik anu aya dina éta rumpaka!

c. Kompetensi Keterampilan:

1. Teknik: tes lisan
2. Bentuk Instrumen: unjuk kerja

Cik kawihkeun lagu anu geus meunang ngapalkeun, saurang-saurang hareupeun kelas!

Nama :

Kelas :

Sasaran	Aspek	Kriteria	Skala
Lagam	a. Luyu jeung kawihna	merenah	10-15
	b. kurang luyu	kurang merenah	5-10
	c. teu luyu	teu merenah	1-5
Wirahma/ ketukan	a. Keuna kana wirahma/ketukan	merenah	10-15
	b. Kurang keuna kana wirahma	kurang merenah	5-10
	c. Teu keuna kana ketukan	teu merenah	1-5
sora	a. Asup kana nada	merenah	10-15
	b. Kurang asup kana nada	kurang merenah	5-10
	b. teu asup kana nada	teu merenah	1-5
Jumlah			

Peunteun:

- a. Alus (80-100)
- b. Meujeuhna (60-79)
- c. Kurang (35-59)

3. Pedoman Penskoran

- a. Penilaian Afektif (NAf.)
 - Skala Skor: 1-5
 - Skor Maksimal = $7 \times 5 = 35$
 - Nilai Afektif = Skor Diperoleh/10
- b. Penilaian Kognitif (NK)
 - Skor soal nomer 1 jeung 2 skalana 1-5
 - Skor soal nomer 3 skalana 1-15
 - Skor Maksimal = $((2 \times 5) + (1 \times 15)) = 25$
 - Nilai Kognitif = Skor Diperoleh/10
- c. Penilaian Psikomotor (NP)
 - Skala skor: 1-5
 - Skor Maksimal masing-masing(a) dan (b) = $5 \times 4 = 20$
 - Skor Diperoleh = (a)+(b)
 - Nilai Psikomotor = Skor Diperoleh/10
- d. Nilai Total

$$NT = Naf. + NK + NP$$

3. KELAS 8**Materi : Carpon****1. Bentuk Instrumen dan Instrumen****a. Kompetensi Sikap:****Lembar Observasi Penilaian Proses**

No	Aspek yang dinilai	Teknik Penilaian	Waktu Penilaian	Instrumen Penilaian
1	Religius	Pengamatan	Proses	Lembar Pengamatan
2	Jujur			Terlampir
3	Tanggung jawab			
4	Santun			
5	Cermat			

Lembar Pengamatan Sikap

Mata pelajaran :

Kelas/semester :

Tahun ajaran :

Waktu pengamatan :

No	Nama Siswa	Religius				Jujur				Tanggungjawab				Santun			
		BT	MT	MB	MK	BT	MT	MB	MK	BT	MT	MB	MK	BT	MT	MB	MK

Keterangan:

1. BT (belum tampak) jika sama sekali tidak menunjukkan usaha yang sungguh-sungguh dalam menyelesaikan tugas
2. MT (mulai tampak) jika menunjukkan sudah usaha ada yang sungguh-sungguh dalam menyelesaikan tugas tetapi masih sedikit dan belum ajeg/konsisten
3. MB (mulai berkembang) jika menunjukkan ada usaha yang sungguh-sungguh dalam menyelesaikan tugas yang cukup sering dan mulai ajeg/konsisten
4. MK(membudaya) jika menunjukkan adanya usaha sungguh-sungguh dalam menyelesaikan tugas secara terus menerus dan ajeg/konsisten

b. Kompetensi Pengetahuan:

Penilaian Hasil

Indikator Pencapaian Kompetensi	Teknik Penilaian	Bentuk Penilaian	Instrumen
1. Memahami struktur isi teks carpon! 2. Mengidentifikasi struktur teks carpon!	Tes Tertulis	Tes Uraian	1. Sebutkan struktur isi teks carpon! 2. Sebutkeun palaku dina carpon nu judulna “Duh Indung”! 3. Kumaha watek para palakuna? 4. Dimana jeung iraha kajadian dina eta carpon? 5. Naon amanat anu aya dina eta carpon?

1. Mengidentifikasi ciri-ciri bahasa dalam carpon 2. Menceritakan kembali isi carpon yang dibacanya	Tes Lisan Tes Lisan Observasi	Tes Uraian Unjuk Kerja	1. Jelaskeunciri-ciri bahasa dina teks carpon “Duh Indung”! 2. Caritakeun deui kalayan ringkes carpon anu tos dibaca tadi ku hidep!
--	----------------------------------	---------------------------	--

c. Kompetensi Keterampilan:

3. Teknik: tes lisan
4. Bentuk Instrumen: unjuk kerja

Cing caritakeun deui eusi carpon nu geus dibaca ku hidep!

Nama :

Kelas :

Sasaran	Aspek	Kriteria	Skala
Basa	a. Ucapan (artikulasi)	Jentre	5-15
	b. Lentong (tekenan, wirahma, randegan)	Merenah	5-15
Eusi	a. Hubungan eusi	Saluyu	5-10
	b. Pamekaran eusi	Lengkep	5-20
	c. Pamahaman eusi	Paham	5-20
Tehnik/sikep	a. Pidanganbahan	Ngaguluyur	5-10
	b. Rengkak jeung peta	Saregep/sopan	5-10
Jumlah			35-100

Peunteun:

- a. Alus (80-100)
- b. Meujeuhna (60-79)
- c. Kurang (35-59)

Pedoman Penskoran

- a. Penilaian Afektif (NAf.)
 - Skala Skor: 1-5
 - Skor Maksimal = $7 \times 5 = 35$
 - Nilai Afektif = Skor Diperoleh / 10
- b. Penilaian Kognitif (NK)
 - Skor soal nomer 1 jeung 2 skalana 1-5
 - Skor soal nomer 3 skalana 1-15
 - Skor Maksimal = $((2 \times 5) + (1 \times 15)) = 25$
 - Nilai Kognitif = Skor Diperoleh / 10

- c. Penilaian Psikomotor (NP)
 - Skalaskor: 1-5
 - Skor Maksimal masing-masing (a) dan (b) = $5 \times 4 = 20$
 - Skor Diperoleh = (a)+(b)
 - Nilai Psikomotor = Skor Diperoleh / 10
- d. Nilai Total

$$NT = Naf. + Nk + NP$$

4. KELAS 9

Materi: Girang Acara

Bentuk Instrumen dan Instrumen

a. Kompetensi Sikap:

Lembar Observasi Penilaian Proses

No	Aspek yang dinilai	Teknik Penilaian	Waktu Penilaian	Instrumen Penilaian
1	Religius	Pengamatan	Proses	Lembar Pengamatan
2	Jujur			Terlampir
3	Tanggung jawab			
4	Santun			
5	Cermat			

Lembar Pengamatan Sikap

Mata pelajaran :

Kelas/semester :

Tahun ajaran :

Waktu pengamatan :

No	Nama Siswa	Religius				Jujur				Tanggungjawab				Santun			
		BT	MT	MB	MK	BT	MT	MB	MK	BT	MT	MB	MK	BT	MT	MB	MK

Keterangan:

1. BT (belum tampak) jika sama sekali tidak menunjukkan usaha yang sungguh-sungguh dalam menyelesaikan tugas
2. MT (mulai tampak) jika menunjukkan sudah usaha ada yang sungguh-sungguh dalam menyelesaikan tugas tetapi masih sedikit dan belum ajeg/konsisten

3. MB (mulai berkembang) jika menunjukkan ada usaha yang sungguh-sungguh dalam menyelesaikan tugas yang cukup sering dan mulai ajeg/konsisten
4. MK(membudaya) jika menunjukkan adanya usaha sungguh-sungguh dalam menyelesaikan tugas secara terus menerus dan ajeg/konsisten

b. KompetensiPengetahuan:

Penilaian Hasil

Indikator Pencapaian Kompetensi	Teknik Penilaian	Bentuk Penilaian	Instrumen
<ol style="list-style-type: none"> 1. Memahami struktur isi teks memandu acara 2. Mengidentifikasi kaidah-kaidah teks memandu acara 3. Mengidentifikasi ciri-ciri bahasa dalam teks memandu acara 	Tes Tertulis	Tes Uraian	<ol style="list-style-type: none"> 1. Sebutkan struktur isi teks memandu acara! 2. Jentrekeun mana yang termasuk ragam basa baku dina teks memandu acara 3. Jelaskan ciri-ciri bahasa dalam teks memandu acara!
<ol style="list-style-type: none"> 1. Memahami langkah-langkah menyusun teks memandu acara 2. Mendeskripsikan teks memandu acara dengan cara membuat teks memandu acara 3. Menyajikan teks memandu acara secara lisan 4. Menginterpretasi teks memandu acara 	Tes Tertulis Tes Tertulis Tes Tertulis Portofolio Tes Lisan Observasi	Tes Uraian Tes Uraian Unjuk Kerja Tes Lisan	<ol style="list-style-type: none"> 4. Sebutkan langkah-langkah menyusun teks memandu acara 5. Buatlah teks memandu acara dengan tema acara pilih: <ol style="list-style-type: none"> a. Acara Pinton Seni Agustusan b. Acara Halal Bihalal 6. Coba peragakan teks memandu acara yang sudah kalian susun tersebut di depan kelas 7. Coba interpretasikan bagaimana menurut pendapat kalian hasil penampilan teks memandu acara teman kalian tersebut?

c. KompetensiKeterampilan:

Teknik: tes lisan

Bentuk Instrumen: unjuk kerja

Coba peragakan teks memandu acara yang sudah kalian susun tersebut ke depan kelas dengan sikap dan bahasa yang santun

Nama :

Kelas :

Sasaran	Aspek	Kriteria	Skala
Basa	a. Ucapan (artikulasi)	Jentre	5-15
	b. Lentong (tekenan, wirahma, randegan)	Merenah	5-15
Eusi	a. Hubunganeusi	Saluyu	5-10
	b. Pamekaraneusi	Lengkep	5-20
	c. Pamahamaneusi	Paham	5-20
Tehnik/sikep	a. Pidanganahan	Ngaguluyur	5-10
	b. Rengkakjeungpeta	Saregep/sopan	5-10
Jumlah			35-100

Peunteun:

- a. Alus (80-100)
- b. Meujeuhna (60-79)
- c. Kurang (35-59)

Pedoman Penskoran

- a. Penilaian Pengetahuan (NP)
 - Skala skor soal nomor 1 s.d. 4 = 5-10
 - Skala skor soal nomor 5 s.d. 7 = 5-20
 - Skor Maksimal = $(4 \times 10) + (3 \times 20) = 100$
 - Nilai Pengetahuan = Skor Diperoleh/10
- b. Penilaian Keterampilan (NK)
 - Skala skor: 1-5
 - Skor Maksimal masing-masing (a) dan (b) = $5 \times 4 = 20$
 - Skor Diperoleh = (a)+(b)
 - Nilai Psikomotor = Skor Diperoleh/10
- c. Nilai Total Pengetahuan dan Keterampilan
NT = NP + NK

CONTOH TABEL NGOLAH PEUNTEUN

Contoh Pengolahan Sikap

Sikap	Skor Akhir										Rata-Rata	Nilai Akhir
	1	2	3	4	5	6	7	8	9	10		
Jujur	3.2	2.4	3.7	3.5	3	2.78	2.5	2.33	3.4	3.1	2.9	B
Disiplin	3.4	3.2	3.1	3.5	3.4	3.4	3.0	3.5	2.9	3.0	3.24	B+
Percaya Diri	1.7	2.9	2.3	2.4	3.5	1.4	3.5	1.5	3.6	2.1	2.5	B-
Skor Akhir											2.88	B

Deskripsi

Contoh Pengolahan Pengetahuan



KD	Tes	Skor	Skor Akhir	
			Penugasan	Skala 1 - 100
3.1	60	65	62.5	2.5
3.2	76	84	80	3.20
3.3	80	70	75	3.00
3.4	84	87	85,5	3.42
Rata-Rata Skor Akhir				3.03

Cara Konversi Skor ke skala 1 - 4

$$\frac{\text{Skor diperoleh}}{\text{skor maksimal}} \times 4 = \text{skor akhir}$$

Deskripsi Catatan :





Contoh Pengolahan Keterampilan

KD	Skor			Skor Akhir	
	Tes Praktik	Projek	Portofolio	Skala 1 - 100	Skala 1 - 4
4.1	84	-	90		
4.2	76	-	84		
4.3	-	60	70		
Rata-Rata Skor Akhir					

Cara Konversi ke skala 1 - 4

$$\frac{\text{Skor diperoleh}}{\text{skor maksimal}} \times 4 = \text{skor akhir}$$

Deskripsi Catatan :

PABUKON

- Baidillah, Drs.H. Idin, M.Pd,dkk. 2010. *Aksara Sunda*. Bandung: CV. Walatra.
- Dinas Pendidikan Provinsi Jawa Barat. 2013. *Kurikulum 2013*. Bandung.
- Hadi spk, Drs. Ahmad. 2005. *Peperenian*. Bandung: Geger Sunten.
- Hadish, Yetty Kusmiyati. 1979. *Sastra Lisan Sunda Mite, Fabel, dan Légende 1*. Jakarta: Pusat Pembinaan dan Pengembangan Bahasa Departemen Pendidikan dan Kebudayaan.
- Iskandar, Yoséph. 1982. *Tumbal*. Bandung: Rahmat Cijulang.
- Jurusan Basa jeung Sastra Sunda FPBS IKIP Bandung. 1990. *Palanggeran Éjahan Basa Sunda*. Bandung: Rahmat Cijulang.
- Karana, Rahmat M. Sas. 1979. *Tepung di Bandung*. Bandung: Rahmat Cijulang.
- Keraf, Dr. Gorys. 1980. *Komposisi*. Ende Florés: Nusa Indah.
- Kunto, Haryoto. 1984. *Wajah Bandoeng Tēmpo Doeloe*. Bandung: Granésia.
- Lembaga Basa & Sastra Sunda. 1985. *Kamus Umum Basa Sunda*. Bandung: Taraté.
- Muchtar, R.H. Uton, Ki Umbara. 1994. *Modana*. Bandung: Manglé Panglipur.
- Mustapa, Abdullah. 1985. *Wirahma Sajak*. Bandung: Medal Agung.
- No. 1574. 1996. Majalah Manglé.
- No. 51-52. 1996. Majalah Simpay.
- 1986. *Kedok Tangkorék*. Bandung: Remadja Karya.
- Poerwadarminta, W.J.S. 1977. *Kamus Umum Bahasa Indonésia*. Jakarta: PN Balai Pustaka.
- Prawirasumantri, Drs. H. Abud, dkk. 2003. *Pedoman Pengembangan Kurikulum Berbasis Kompetensi Mata Pelajaran Bahasa Daerah (Sunda)*. Bandung: Geger Sunten.
- Pusat Pembinaan dan Pengembangan Bahasa. 1977. *Pedoman Éjaan Bahasa Sunda yang Disempurnakan*. Jakarta.

- Rosidi, Ajip. 1966. *Kesusastaan Sunda Déwasa Ini*. Jatiwangi: Tjupumanik.
- , 1969. Djalan ke Surga. Djakarta: Gunung Agung
- , 1983. *Ngalanglang Kasusastaan Sunda*. Jakarta: Pustaka Jaya.
- , 1984. *Manusia Sunda*. Jakarta: Inti Idayu Préss.
- , 1989. *Janté Arkidam*. Bandung: Pustaka.
- Resmana, Min. 1973. *Hujan di Girang Caah di Urang*. Bandung: Mitra Kencana.
- Ruhimat, Asep. 2006. *Sambel Jaer*. Bandung: Puspawarna.
- Rusyana, Dr. Yus. 1982. *Métode Pengajaran Sastra*. Bandung: Gunung Larang.
- , 1982. *Pedaran Paribasa Sunda*. Bandung: Gunung Larang.
- , 1982. *Panyungsi Sastra*. Bandung: Gunung Larang.
- Salmun, M.A. 1963. *Kandaga Kasusastaan Sunda*. Bandung: Ganaco.

